ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№89 (23.903) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 27, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэм яхуигъэувэщ республикэм и жылагъуэхэр псыкІэ къызэгъэпэщыным егугъуну

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр къэпщытэным хиубыдэу Правительствэм и унафэщІхэмрэ муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэмрэ мэкъумацыпІэхэм я Іэтащхьэхэмрэ хэту иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыхэпльащ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырым, апхуэдэу республикэм и жылагъуэхэр тэмэму псыкІэ къызэгъэпэщыным и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэм.

КЪАІЭТА Іэхухэм теухуауэ докладхэр яІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - КъБР-м инфраструктурэмрэ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ зыкъыныгъэмкІэ и министр Бэлэтокъуэ В. Хь., районхэмрэ кІалэ округхэмрэ я администрацэхэм я Іэтащхьэхэм.

Абыхэм зэрыжаІамкІэ, муниципальнэ щІыналъэ зыбжанэм цІыхухэр псыкІэ къызэрызэгъэпэщыр щрагъэфІэкІуащ. Дыззыр илъэсым псыр зрикІуэ бжьамийуэ километр 26-м щІигъу зыхуей хуагъэзащ, пс къыщІэкІыпІэу 4-р мылэжьэжу щытати, кьагъэсэбэну щІадзэжащ.

ПсыкІэ иджыпсту нэхъ гугъу ехьхэм ящыщ ХьэтІохъуащІкъуей, Къулькъуэжын Ипщэ къуажэхэм, Бахьсэн кІалэм и хьэблэщІэхэм, Шэджэм ЕтІуанэ, Каменкэ, Яныкъуей къуажэхэм дэсхэр.

Иджыпсту муниципалитетхэм яхуэфІэкІ псори ялажь зыхуэфащэ проектсметэ документхэр ягъэхьэзыру «Псы кьабзэ» лъэпкъ проектым хьыхьэн папщІэ. Апхуэдэ документу иджыпсту зэхалъхьахэр ятещІыхьащ сом мелуани 150-м щІигъу зытекІуэдэну проектхэм. Мы Іэхум мыхьэнэ хэха зэриІэм икІи ахъшэшхуэ зэрихьым къыхэкІыу республикэм и унафэщІым КъБР-м и Правительствэм пщэрылъ щищІащ а лэжьыгъэр дэгъэкІынымкІэ муниципалитетхэм ядэІэпыкъуну.

Социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іэхуэщ1апІэхэмрэ псэупІэхэмрэ бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрагъэпльынум хуэгъэхъэзырыным и гугъу щищІым, республикэм и унафэщІым къигъэуващ абы и лъэныкъуэкІэ лэжьыпхъэу щыІэхэр ягъэува пІалъэм кьурибыдэу зэфІагъэкІыну. «Мы лэжьыгъэхэр зэфІэгъэкІа хъун хуейщ кьэнэжа мазитІ пІалъэм къриубыдэу. Аращи, гугъуехь псори къызэнэкІын икІи зэблэу кьыхэмыкІыу Іэхум бгъэдэтын хуейщ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Республикэм и Унафэщ1ыр промышленностымрэ сатумкІэ министрым епсэлъащ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. дыгъуасэ епсэлъащ республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр Ахубеков Ш. А. Министрым щІыналъэм и унафэщІыр щыгъуазэ ищІащ промышленнэ комплексым и щытыкІэм, абы и зыужьныныгъэм пыщІа Іуэхуэм.

2018 гъэм капитал нэхъыщхьэм къыхуэзщІагъэуІуа инвестицэхэр, щыжаІащ зэІущІэм, блэкІа илъэсым и апхуэдэ пІэхъэнэм ельытауэ хуэдитІым щІигъукІэ нэхъыбэщ. 2025 гъэм ирихьалІэу валовэ щІыналъэ продуктыр хуэдитІкІэ нэхъыбэ щІыным теухуауэ къэув къалэным ипкъ иткІэ иджыпсту къаруушхуэ ирахьалІэ промышленностым и Іэхуэщ1апІэ щхьэхуэхэр къызэІухьжыныпрэ абыхэм я лэжьыгъэм унэтІыныгъэщІэхэр етыныкрэ.

Гущыіэм хэха хуащІ Іэнатіэкэм кооперацэм зыщегъэужьыным, лэжьапІэ Іэнатіэщ1ыкэр къызэІухыным, республикэм инвестицэхэмрэ иджырей технологиехэмрэ къыхуэзщІэгъэуІуэным, инвестицэ проект нэхъыщхьэхэр гъэзэщІэным. Апхуэдэхэм ящыщщ Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхьпІэм иджырей комплекс щыухуэныр. Мы проектым стратегие мыхьэнэ иІэщ икІи ар ягъэзащІэ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. езым и щхьэкІэ къызэригъэувам ипкъ иткІэ. Абы и инвестор нэхъыщхьэщ къэралым и промышленнэ комплекс абрагъуэр - «Ростех» къэрал корпорацэр. Іуащхьэмахуэ районым абы и къудамэ къыщызэІуахащ, щым щІэль хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыныжкІэ лицензэ з кьащэхуащ, технико-экономикэ лъабжьэхэр зэхэлъхьэн яухащ.

ЗэІущІэм хиубыдэу КІуэкІуэ Казбек къигъэуващ промышленнэ комплексымрэ сатумрэ я инфраструктурэр егъэфІэкІуэным, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и нэІэ щІэт Іэнатіэхэм ядэІэпыкъуным хуэгъэзэ пщэрылъхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек къипщытащ Налшык дащІыхь школыщІэр здынагъэсар

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. еплъащ еджакІуэу 1224-рэ щІэхуэну Налшык къалэм дащІыхь курыт школым и щытыкІэм, ар здынагъэсам.

ИДЖЫПСТУ ухуакІуэхэм унэм и щІыбымрэ и кІуэцІымрэ зэрахьэ, щхьэгъубжэхэр хагъэувэ, пщІантІэр зэІузэпэщ ящІ.

Проектым къызэрыщІэлъэгъуэмкІэ, ефкапІэ классхэм къадзкІуэу мыбы хэтынущ предмет щхьэхуэхэмкІэ лабораторэхэр, бзэхэр джыным хухах пэшхэр, технологиехэм щыхурагъаджэ лъэщапІэхэр, спорт залу тІу, зыгъэпскІыпІэу тІу, шхапІэ, футбол, баскетбол, волейбол джэгупІэхэр, нэгъуэщІхэри. Ухуэныгъэм егъэщІылІауэ щхьэхуэу ар зэрагъэпль системэрэ трансформаторхэмрэ ягъэувынущ. Школыр хуэщІауэ щытынущ зи узыншагъэр зэкІэлъэмыкІуэхэри абы щегъэджэным.

Школыщ1ым къащ1ызэрагъэпщынущ цІыкІухэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэтыну центр щхьэхуэ.

Республикэм и унафэщІым лэжьыгъэхэр зэрекІуэкІым щыгъуазэ зищІа нэужь, жиІащ ухуэныгъэр ягъэува пІалъэхэм кьурибыдэу нагъэсын, мафІэсымкІэ щынагъуэншагъэм тещІыхьа мардэ псори кьалъытэн зэрыхуейр.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ школыщІэр федеральнэ проектым хиубыдэу зэраухуэр икІи ар кьалэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ1апІэу зэрыщытынур.

Школыщ1эр дызэрыт илъэсым и кІэм къызэІуахын хуейщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Новожилов С. В. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзэджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ ятІэр фІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Кино гъэзэджэм зегъэужьыным, лъэпкъэм яку дэлъ щэнхабзэ зэрыщІэныгъэхэр гъэбыдэным куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гъэзэджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ ятІэр фІэщын **Новожилов Сергей Владимир и къуэм** - кинорежиссёрым, продюсерым, сценаристым, Урысейм и Кинематографистхэм я союзым и секретарым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м
№56-УГ

● Узыншагъэ

ХЪУБИЙ Марат: Сабий стоматологием хуэфащэ гулъытэ хуэщІыпхъащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэныжкІэ и министр Хъубий Марат иджыблагъэ яІущІащ щІыналъэм и дэ дохутырхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм. Абы щытепсэлъыхьащ сабийхэм ягъуэт стоматологие кІэлъыплъныныгъэр къызэгъэпэща хъунымкІэ щІыІэ гугъуехьхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм штатым хэмыт и стоматолог нэхъыщхьэ Хьэмыкъуэ Іэсият и гугъу ящІащ сабий стоматологием щрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм кьирикІуахэм. Абы къызэрыхигъэщ1ажкІэ, сабий ныбжьым итхэм я деж дзэкъудэшхым егъэлеяуэ зэрызыщицубгъур узыгъэгъэзэн хуей Іуэхущ. Районхэм щыІэ стоматологие Іэнатіэхэм цыкІуэхэм гулъытэ щыхуащІыркъым, ефкакІуэхэм я дзэхэм я щытыкІэр пІалъэ хэхам тету кьапщытэркъым, жьэ кІуэцІым тэмэму укІэлъыплъмэ, абы кьишэнкІэ хъуну узыфэхэр зыхуэдэм адэ-анэхэр щагъэгъуазэркъым. Дзэкъудэшхым кьыхокІ гум, лъынтхуэм, жьэжьейм, лъатэм, нэгъуэщІхэми епха узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэр. Республикэм и щІыгулъми псыми хэлъ фторыр зэрымащІэм кьыхэкІыу ди щІыналъэм и цІыхухэм жьэ кІуэцІым епха зыужьрэхэм зэрызыщахъумалхъэр Іэмал имыІэу яІцІэн хуейщ. «Дзэ дохутырым и лжьыгъэм текІуадэ зэманым и процент 50-р сабийхэм я жьэ кІуэцІ узыфэхэр гъэхъужьыным, абы пэІэщІэ зэращІыным теухуауэ щытыпхъэщ», - жиІащ Хьэмыкъуэм.

Министрым зэІущІэм хэтахэм пщэрылъ ящиІащ зэман гъунэгъум къуриубыдэу сабийхэм стоматологие дэІэпыкъунныгъэ тэмэм ягъэзту Іэнатіэр зэфІагъэувэжьнымкІэ я ешлІыкІэхэр тутыку кьрахьэну. «Республикэм и сабийхэм стоматологие кІэлъыплъныныгъэ ягъэутын Іуэхур зыужьрэ хуэзэу кьызэгъэпэщжьныр а унэтІныгъэмкІэ къэралІуэхущІапІэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэщ. Сабий стоматологием хуэфащэ гулъытэ хуэщІыпхъащ, зыужьнэр зей щІэблэм я узыншагъэр тхъымэну дыхуеймэ», - жиІащ Хъубий Марат.

ЩЫХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

Республикэ сымаджэщым и зы къудамэ аргуэру къагъэщІэрэщІэж

Республикэ клиникэ сымаджэщым жьэкъупщхьэмрэ нэкІумрэ пыщІа Іурургиемкіэ и къудамэм и унэр зэгъэпэщыжьын яух. ЗэфІагъэкІа лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ операцэ щащІ пэшхэмрэ сымаджэхэр зыщІэлъ пэшхэмрэ иджырей хирургие Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэрызэрагъэпэщар. Иджы къудамэм и лэжьакІуэхэм Іэмал псори ягъуэтащ лъэныкъуэхэм технологие лъагэхэр зи лъабжьэ медициндэ дзэпсихьныгъэ иратын папщІэ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, мы лажьыгъэхэр республикэм узыншагъэр хъумэныжкІэ и Іэнатіэр егъэфІэкІуэным хиубыдэ Іыхьэ пыухыкІащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Республикэм и Унафэщ1ыр промышленностымрэ сатумкІэ министрым епсэлъащ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. дыгъуасэ епсэлъащ республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр Ахубеков Ш. А. Министрым щІыналъэм и унафэщІыр щыгъуазэ ищІащ промышленнэ комплексым и щытыкІэм, абы и зыужьныныгъэм пыщІа Іуэхуэм.

2018 гъэм капитал нэхъыщхьэм къыхуэзщІагъэуІуа инвестицэхэр, щыжаІащ зэІущІэм, блэкІа илъэсым и апхуэдэ пІэхъэнэм ельытауэ хуэдитІым щІигъукІэ нэхъыбэщ. 2025 гъэм ирихьалІэу валовэ щІыналъэ продуктыр хуэдитІкІэ нэхъыбэ щІыным теухуауэ къэув къалэным ипкъ иткІэ иджыпсту къаруушхуэ ирахьалІэ промышленностым и Іэхуэщ1апІэ щхьэхуэхэр къызэрызэрагъэпэщыну абыхэм я лэжьыгъэм унэтІныгъэщІэхэр етыныкрэ.

ГущІэм хэха хуащІ Іэнатіэкэм кооперацэм зыщегъэужьыным, лэжьапІэ Іэнатіэщ1ыкэр къызэІухыным, республикэм инвестицэхэмрэ иджырей технологиехэмрэ къыхуэзщІэгъэуІуэным, инвестицэ проект нэхъыщхьэхэр гъэзэщІэным. Апхуэдэхэм ящыщщ Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхьпІэм иджырей комплекс щыухуэныр. Мы проектым стратегие мыхьэнэ иІэщ икІи ар ягъэзащІэ Урысей Федерацэм и Президент Путин В. В. езым и щхьэкІэ къызэригъэувам ипкъ иткІэ. Абы и инвестор нэхъыщхьэщ къэралым и промышленнэ комплекс абрагъуэр - «Ростех» къэрал корпорацэр. Іуащхьэмахуэ районым абы и къудамэ къыщызэІуахащ, щым щІэль хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэпыныжкІэ лицензэ з кьащэхуащ, технико-экономикэ лъабжьэхэр зэхэлъхьэн яухащ.

ЗэІущІэм хиубыдэу КІуэкІуэ Казбек къигъэуващ промышленнэ комплексымрэ сатумрэ я инфраструктурэр егъэфІэкІуэным, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм и нэІэ щІэт Іэнатіэхэм ядэІэпыкъуным хуэгъэзэ пщэрылъхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь Вячеслав хуэзащ

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек дыгъуасэ епсэлъащ республикэм ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь Вячеслав. Министрым республикэм и унафэщІыр щыгъуазэ иджащ социальнэ мыхьэнэ зиІэ, апхуэдэу гъуэгу инфраструктурэм хиубыдэ ухуэныгъэу 59-м иджыпсту лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым.

КЪАПЦТЭМЭ, «Демографие», «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектхэм ялкъ иткІэ дызэрыт илъэсым къриубыдэу сабий нэхъыщІэ дыдэхэм ящыщу 860-рэ зэкІуэлІэну Іуэхущ1апІэхэр хъэзыр ящІынущ. Налшык къалэм сабийуэ 1224-рэ зэкІуэлІэну школыщІэ хъэзыр щащІынущ. Саратовскэ, Псынэдахэ къуажэхэм фельдшер-акушер пунктхэр щынагъэсынущ, Малкэ, Приречнэ къуажэхэм щыпсэухэр ирафын псыкІэ къызэзыгъэпэщыну бжьамийхэр щаукъуэдинущ.

КІуэкІуэ Казбек КъБР-м Ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм хуигъэуващ ухуэныгъэхэр и пІалъэм икІи фІагъ нэс яІэу хъэзыр зэращІым зэпымыууэ кІэлъыплъыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Май щІыналъэ

ЩІымахуэм хуогъэтІылъэ

Май щІыналъэм и мэкъумэшыщІэхэм бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыр.

МЫ ЗЭМАНЫМ «Ленинцы» мэкъумэш Іуэхущ1апІэр йолэжь силосыпхъэ нартыхуэ хиса гектар 500-м. Мыгувэу ар щхьэуантІэу кьахьнурэ силос мащэхэм ираІъхьэнущ. Силосыпхъэ нартыхуэм кьищынэмыщІауэ, етІуанэ тесэгъуэу хасэжащ Іусыпхъэ щхьэуантІэ зэщІэлъыр: судан удз, нартыхуэ, сое. Мыхэр хъуа нэужь зэхахьэжэнурэ ари щІымахуэм Іэщ1ым ирагъэшхынущ. Ар къэуатщ, гъэшым хегъахъуэ. Іэщ1эм папщІэ зы илъэсым хуэзэу тонни 100 - 120-рэ ягъэтІылъ. Іусыпхъэ щхьэуантІэм кьыкІэрымыхуу Іэщ1ылъныж кьагъэсэбэп зыхуэзэмкІи бзэрыгъэрыкъым. Ар кьыгъэрахынущ бжьыхьэсэ гуэдз къудейуэ хаса гектар 900-м.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Къэхъуькъащ1ехэр

Энергетикхэм яукъуэдиижащ псыдзэм зэпича кІапсэхэр

Уэлбанэшхуэмрэ абы кьрилъэсэха ятІэпсымрэ зэраныгъэхэр иратащ Іуащхьэмахуэ районым и жылагъуэхэр электрокъарукІэ кьызэзыгъэпэщ сетхэм. Абыхэм екІуэлІэну Іэмал щагъуэтам щегъэжьауэ зы сыхьэтым хуейщ «Кавказ Ищхьэрэ Россеи» зэгухьэныгъэм и «Къэббалъкъэнерго» кьудамэм и энергетикхэм псыдзэм къихьа зэхэкъутэныгъэхэр зэтрагъэувэжащ.

НЭХЪ япэкІэ кьызэратауэ щытамкІэ, бгы джабгэхэм кьрихьэха ятІэм Бахьсэнпсыр Іуащ1эри, ар электрокъару зрикІуэ пкъо зыбжанэм ящІэуащ икІи абыхэм я лъабжьэр щІилъэсыкІащ. Абы кьыхэкІыу энергетикэм пІалъэкІэ электрокъарур зрикІуэну кІапсэхэр яукъуэдийри, жылагъуэхэр энергиекІэ кьызэрагъэпэщащ.

Сыхьэт зыбжанэм кьриубыдэу

Уэлбанэшхуэ щыщыІа жэщым «Прохладнэ - Бахьсэн - Азау» федеральнэ автомобиль гъуэгури 72-нэ километрым деж щызэхуищІащ джабгэхэм кьрилъэсэха ятІэм. А щыпІэм зыхуеину лэжьыгъэ псори икІэщыпІэкІэ кьызэзыгъэпэщащ икІи сыхьэт зыбжанэм кьриубыдэу гъуэгур кьызэІуахыжащ.

КІАУМАС щІыпІэм деж электрокъарур зрикІуэ линэм хиубыдэ пкъом и лъабжьэр зэрыщІилъэсыкІам кьыхэкІыу Тырныауз кьалэмрэ Бахьсэн Ипщэ кьуажэмрэ псыкІэ кьызэзыгъэпэщанщІэ кьуэвІащ. Ауэ а ныкъусаныгъэри энергетикэм псынщІэу ягъэзэкІуэжащ.

«Гъуэгум и лъэныкъуитІми щызэкІуэн щІадзэжащ»

«Аруан - Балъкъэр Ипщэ - Уштулу» федеральнэ гъуэгум и 64-нэ - 72-нэ километрхэм кьриубыдэу трихьауэ щыта ятІэпсыр тегъэкъэбзыкІыжыным йолэжь техникэ зэмылІэужьыгъуэу 4.

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 24-м щыІа уэлбанэшхуэм иужькІэ гъуэгур сыхьэт 47-кІэ зэхуэщІауэ щытащ. «Гъуэгур лъэныкъуитІымкІэ щызэкІуэ хъуэ кьызэІуахыжащ», - къитащ дыгъуасэ «Кавказ» федеральнэ гъуэгум и управленэ» федеральнэ кІэзонэ Іуэхущ1апІэм.

Экономикэм и гъуджэ Іэнатіэ

Сатум и лэжьакІуэм и махуэм и пэ кьихуэу Налшык щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхьхьэм щагъэлъэпІащ Іэнатіэм и цІыху нэхъыщхьэр. Абыхэм ираташ профсоюзым и рескомым, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм я дамыгъэ лъапІэхэр. Экономикэ щытыкІэр иджыпсту мытынщми, зэхьхьэм зэрыщыжаІамІэ, сатум и Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэм ехъулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр яІэщ. Апхуэдэхэм ящыщщ «Продукт-Сервис» зэгухьэныгъэр, «Коол-Снаб» Іуэхущ1апІэр, «21-нэ лІэщІыгъуэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэр, «Ламбрэ» фирмэр, «Ридаз»-р, «Іэфы-кІэ» Іуэхущ1апІэхэр, нэгъуэщІхэри. Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм тэмэму къызэрыдзлажьэм папщІэ УФ-м и «Сату зэкъуэтыныгъэ» профсоюзым и щІыхь тхьылъэ кьыхуагъэфащащ КЪБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр Ахубеков Ш. А., КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и зэгухьэныгъэм и унафащІ Амщокъуэ Ф. Къ. сымэ. Езыхэр зыхэт гупхэм социально-лэжьыгъэ зэхуэщІытыкІэ тэмэм зэрыщІэзэрагъэувам икІи зауагъэ зэрахьэлъым папщІэ псалъэ гуапэхэр зэІущІэм щыхуажІащ пщІдзэ профсоюз организацэхэм я унафэщІхэм, лэжьапІэ зыт щІыху щхьэхуэхэм.

Нобэ езыхэм я гуфІэгъуэ махуэр Іэнатіэм пэрыту ягъакІуэ сатумрэ жылагъуэ Іэнатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэм. А щІыху емызэшхэм, Іэнатіэм и ветеранхэм, профсоюз организацэхэм, абыхэм я унафэщІхэм «Сату зэкъуэтыныгъэ» профсоюзым и обкомыр и гуапэу йохъуэхъу икІи фІыщІэ ин яхуещІ республикэм и экономикэм зегъэужьыным тэмэму зэрыхэтым, жэрдэмрэ жыдэжрагъэрэ къызэрагъэлъагъуэм папщІэ.

Сатум и лэжьакІуэм и махуэм и пэ къихуэу Налшык щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхьхьэм щагъэлъэпІащ Іэнатіэм и цІыху нэхъыщхьэр. Абыхэм ираташ профсоюзым и рескомым, КъБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм я дамыгъэ лъапІэхэр. Экономикэ щытыкІэр иджыпсту мытынщми, зэхьхьэм зэрыщыжаІамІэ, сатум и Іуэхущ1апІэ щхьэхуэхэм ехъулІэныгъэ нэрылъагъуэхэр яІэщ. Апхуэдэхэм ящыщщ «Продукт-Сервис» зэгухьэныгъэр, «Коол-Снаб» Іуэхущ1апІэр, «21-нэ лІэщІыгъуэ» жэуап зэхэгъэщхьэхукІа зыхь зэгухьэныгъэр, «Ламбрэ» фирмэр, «Ридаз»-р, «Іэфы-кІэ» Іуэхущ1апІэхэр, нэгъуэщІхэри. Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм тэмэму къызэрыдзлажьэм папщІэ УФ-м и «Сату зэкъуэтыныгъэ» профсоюзым и щІыхь тхьылъэ кьыхуагъэфащащ КЪБР-м промышленностымрэ сатумкІэ и министр Ахубеков Ш. А., КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и зэгухьэныгъэм и унафащІ Амщокъуэ Ф. Къ. сымэ. Езыхэр зыхэт гупхэм социально-лэжьыгъэ зэхуэщІытыкІэ тэмэм зэрыщІэзэрагъэувам икІи зауагъэ зэрахьэлъым папщІэ псалъэ гуапэхэр зэІущІэм щыхуажІащ пщІдзэ профсоюз организацэхэм я унафэщІхэм, лэжьапІэ зыт щІыху щхьэхуэхэм.

Нобэ езыхэм я гуфІэгъуэ махуэр Іэнатіэм пэрыту ягъакІуэ сатумрэ жылагъуэ Іэнатіэхэмрэ я лэжьакІуэхэм. А щІыху емызэшхэм, Іэнатіэм и ветеранхэм, профсоюз организацэхэм, абыхэм я унафэщІхэм «Сату зэкъуэтыныгъэ» профсоюзым и обкомыр и гуапэу йохъуэхъу икІи фІыщІэ ин яхуещІ республикэм и экономикэм зегъэужьыным тэмэму зэрыхэтым, жэрдэмрэ жыдэжрагъэрэ къызэрагъэлъагъуэм папщІэ.

● Бадзэуэгъуэм и 27-р Сатум и лэжьакІуэм и махуэщ



къым, атІэ ди лэжьакІэми и хабзэщ. Профсоюзым и лэжьыгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэщ Іэнатіэм и лэжьакІуэ псоми я сэбэп зыхэлъэм кьыщыхэщІыжыныр абыхэм я социальнэ хуитыныгъэхэр хъунэмкІэ. Абы кьыхэкІыу щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр, потребительскэ рынокым хиубыдэ Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэхэр зи мылъкуу щытхэр профсоюзым къызэрыдзлажьэр ефІакІуэ зэпытщ. ИкъуэкІ тэмэму зэтеуваш профсоюзымрэ КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэмрэ я зэпыщІэнэныгъэхэр. Зи сытым дежи гулъытэщхъэ кьытхуещІ КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэмэ. Апхуэдэ зэдзлажьэкІэр сэбэп мэхъу Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я социальнэ лэжьыгъэ хуитыныгъэхэр хъумэныжкІэ, пщІэкІэ кьащтэ лэжьакІуэхэмрэ лэжьапІэ зытхэмрэ я сэбэп зыхэлъэр зэхуэгъэхъуныжкІэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз

2019 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзыныр иухащ.

Ди газетым тезыдзэну хуейхэм хъыбар идогъащІэ: ар кьевгъэхьын папщІэ иджыри Іэ щыщІэвдз хъунущ пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми. Мази 5-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ сом 548-рэ кІэпІейкІи 5-рэ.

Ди индексыр П 5894

Экономикэм и щытыкІэмрэ цІыхубзм я псэукІэр зыхуэдэкІэ нэхъ Іупщ1у къыбгурызыгъаІуэхэм ящыщщ сатум и Іэнатіэр. Абы и зыужьыкІэмрэ и щытыкІэмрэ куэдкІэ елъытащ производствэм и Іэнатіэхэр зэрефІакІуэм, цІыхухэм я гъащІэм зэрызиужьым. Сатум и лэжьакІуэм и махуэм ирихьэлІэу ди щІыналъэм и потребительскэ рынокым и щытыкІэм толсэлъыхь сатум, жылагъуэ шхапІэхэм, хъэрычэтыщІэ Іэнатіэм я лэжьакІуэхэм я «Сату зэкъуэтыныгъэ» профсоюзым и рескомым и унафэщІ Бекъалды Маритэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и экономикэ зыужьныныгъэр щІэзыгъэхьабжьхэм ящыщщ потребительскэ рынокыр. Абы Іупщ1у кьыхощ производствэр, хэхъуэхэр, цІыхухэр зыщІэупщІэхьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ зэрызэгъэуІуар, ахэр зэрызэхуэхьар. Иджыпсту КЪБР-м щолажьэ сатум и стационар предприятэу 5000, бзэзэ зэмылІэужьыгъуэу 12, жылагъуэ шхапІэхэр, опт сату езыгъэкІуэкІ фирмэхэмрэ комплексхэмрэ, иджырей хьэпшып, ерыскъыу хъумапІэхэр, нэгъуэщІхэри.

Потребительскэ рынокым и Іыхьэ нэхъыщхьэщ розницэ сатур. Абы республикэм исхэм ящыщ куэд пыщІащ. Дызэрыт илъэсым я Іэнатіэр нэрылъагъуу къызэщІэрыуэжу хуэжьащ. Ялэ мазитхум къриубыдэу розницэ сатум сом мелард 48,5-рэ, блэкІа гъэм и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ псоритн 6-кІэ нэхъыбэ, и уасэ ерыскъыпхъэрэ хъэпшыпрэ зэблигъэкІащ. Іэнатіэр гъэ хъэскІэ нэхъ быдэу индустриальнэ лъабжьэм тоувэ. Нэхъ япэкІэ ящІауэ щыта Іуэхущ1апІэхэр кьагъэщІэрэщІэж, иджырей технологиехэр зи лъабжьэ инновацэ Іэмалхэр къагъэсэбэпу щІадзэ, сату организацэхэм я Іуэхутхьэбзэхэр кІуэтэху щІыху нэхъыбэм хуащІэ. Жылагъуэ шхапІэхэми апхуэдэ дыдэу зауэж.

Мы Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым зэрехьэ «Сату зэкъуэтыныгъэ» цІэ лъапІэр. Ар дамыгъэ кьудей-кьым, атІэ ди лэжьакІэми и хабзэщ. Профсоюзым и лэжьыгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэщ Іэнатіэм и лэжьакІуэ псоми я сэбэп зыхэлъэм кьыщыхэщІыжыныр абыхэм я социальнэ хуитыныгъэхэр хъунэмкІэ. Абы кьыхэкІыу щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр, потребительскэ рынокым хиубыдэ Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэхэр зи мылъкуу щытхэр профсоюзым къызэрыдзлажьэр ефІакІуэ зэпытщ. ИкъуэкІ тэмэму зэтеуваш профсоюзымрэ КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэмрэ я зэпыщІэнэныгъэхэр. Зи сытым дежи гулъытэщхъэ кьытхуещІ КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэмэ. Апхуэдэ зэдзлажьэкІэр сэбэп мэхъу Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я социальнэ лэжьыгъэ хуитыныгъэхэр хъумэныжкІэ, пщІэкІэ кьащтэ лэжьакІуэхэмрэ лэжьапІэ зытхэмрэ я сэбэп зыхэлъэр зэхуэгъэхъуныжкІэ.

Мы Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я профсоюзым зэрехьэ «Сату зэкъуэтыныгъэ» цІэ лъапІэр. Ар дамыгъэ кьудей-кьым, атІэ ди лэжьакІэми и хабзэщ. Профсоюзым и лэжьыгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэщ Іэнатіэм и лэжьакІуэ псоми я сэбэп зыхэлъэм кьыщыхэщІыжыныр абыхэм я социальнэ хуитыныгъэхэр хъунэмкІэ. Абы кьыхэкІыу щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэр, потребительскэ рынокым хиубыдэ Іуэхущ1апІэ нэхъыщхьэхэр зи мылъкуу щытхэр профсоюзым къызэрыдзлажьэр ефІакІуэ зэпытщ. ИкъуэкІ тэмэму зэтеуваш профсоюзымрэ КЪБР-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэмрэ я зэпыщІэнэныгъэхэр. Зи сытым дежи гулъытэщхъэ кьытхуещІ КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэмэ. Апхуэдэ зэдзлажьэкІэр сэбэп мэхъу Іэнатіэм и лэжьакІуэхэм я социальнэ лэжьыгъэ хуитыныгъэхэр хъумэныжкІэ, пщІэкІэ кьащтэ лэжьакІуэхэмрэ лэжьапІэ

● Къэрал гулъытэ

АдыгэлI хахуэт Балъкъэр Аслъэн

КъБР-м къэрал кIуэцI IуэхущхэмкIэ и министр, полицэм и генерал-лейтенант Ромашкин Игорь «Лыгъэм и орденыр» иритыжащ Балъкъэр Каринэ, Урысей МВД-м Налшык къалэмкIэ и Управленэм и ГИБДД-м и ДПС-м и батальон хэхам и инспектор, бзаджащIэхэм я зэранкIэ игъуэ нэмыс хъуа Балъкъэр Аслъэн и щхьэгъусэм.

2019 ГЪЭМ щIыпIылэм и 24-м Налшык къалэ Суворовымрэ Идарымрэ я уэрамхэм я зэхэкIыпIэм деж къулыкъур щезыхьэкI ДПС-м и инспекторищым къатеуагъ щIэпхъаджащIи 4 икIи хабзэхъумэхэм ящыр сэкIэ къаулIэри, бзаджащIэхэм загъэпщкIужыну яужь итащ, арщхьэкIэ къайхъулIакъым, ахэр нукIыжащ. Полицэм и лейтенант Балъкъэр Аслъэн игъуэта уIэгъэхэм къахуегъэлакъым.

И къалэныр игъэзащIэу къигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ полицэм и лейтенант Балъкъэр Аслъэн Артур и къуэм Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ къыхуагъэфащащ «ЛIыгъэм и орденыр», мыпсэужу.

Ромашкин Игорь, дамыгъэ лъапIэр щIитыжьам, яхуэгузэващ зэкIуэдам и щхьэгъусэмрэ и адэмрэ. Абы къыхигъэщащ Балъкъэр Аслъэн пщIэ къэзылэжь лэжьакIуэу, полицей хахуэу зэрыщытар, Хэкум хуэпэжу, республикэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрытыгъэмрэ ихъумэу, офицер нэсу зэрыхэкIуэдар.

Балъкъэр Каринэ министр Ромашкин Игорь, министерствэм и къулыкъущIэхэм фIыщIэ яхуищащ я IэжьзэгъуI, ныбжьэгъуу хэкIуэдам и унагъэм гулъытэ къызэрыхуащIам, сыт щыгъуи я нэIэ къызэрытрагъэтым папщIэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ Iапх.

● Футбол

ЦIэр пхъуэжкIэ зэфIэкIыркъым

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Алания» (Владикавказ) - 4:2 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 24-м. Цыху 300 еплъащ.

Судьяхэр: Иванников, Мирошник, Городовой (псори Ставрополь щыщщ).

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, КIэдыкIуей, Белоусов, Ольмезов, Iэпщацэ (Шаваев, 62) Сындыку (Запалацкий, 90), Дзэхъу, Хъэшыр (Iэщын, 87), Машэжь, Апажэ (Ашу, 66), Бацэ (Лъэпщ, 90+3).

«Алания»: Бураев, Царикаев, Кобесов Дм. (Цакоев, 72), Кочиев, Зураев, Хадарцев (Хабалов, 55), Гурциев, Хугаев (Кокоев, 52), Магомедов (Кобесов Д., 78), Базаев, Мэшыкъуэ (Малоян, 52).

Топхэр дагъэкIащ: Мэшыкъуэм, 33 (0:1). Бацэм, 39 (1:1). Ашум, 50 (2:1). Хабалоевм, 56 (2:2). Ашум, 77 (3:2). Хъэшырым, 79 (4:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Iэпщацэм, Дзэхъум, Хугаевым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ бзэржьей кIуам «Спартак-Налшыкым» кьригъэблагъат кьалэнышхуэхэр зыхуэзыгъэувыжу блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм кьэралым и чемпионыгъэр кьыхуэзыха икIи европэпсо утыку изыгъахьа «Алания» цIэр къэзыщIэжа, ди гъунэгъу Осетие Ищхъэрэм и командэ нэхъыщхьэр. ЗэIущIэр хуабжу удэзыхьэх хъуащ икIи абы кьрихьэлIа псоми дзрэжэгъуэ ин ягъуэтащ.

Хэгъэрейхэр хущIэкъуащ, зэрахабзэу, е бгъэзырыкIуныгъэхэр лъащхэмкIэ я хьэрхуэрэгъуэр псынщIэу ираудыхыну. АрщхьэкIэ «Алания»-м и футболистхэр абы хузэхьэзыру кьыщIэкIри, езыхэр япэкIэ кьуэтащ. Ахэращ зыкъомрэ тепщэныгъэр зыIыгъар икIи бжыгъэр япэу кьызэIузыхар. Зэхьэзэхуэ кIуам «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ нэхъыфIу щытауэ, иджы «Алания»-м хагъэхьа Мэшыкъуэ Иоллъам иджыблагъэ зи гъусэу джэгуэхэм я гъуэр хигъэщащ.

Кьыпщыхьунут ди щIалэхэм абы я гур ириудыну. АрщхьэкIэ дакъикъэ зытхух нэхъ дэмыкIыу Бацэ Кьантемыр бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжри, псоми щIэрыщIэу кьыщIадзэжьын хуей хъуащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ налшыкдэсхэм тепщэныгъэр яубыдыпащ. ЕтIуанэ Iэхьэм и пэщIадзэм лъэныкъуэхэр топ зырызкIэ зэхъуэжами, адэкIэ «Спартак-Налшыкым» и IутIыжыгъуэт. 77-нэ, 79-нэ дакъикъэхэм Ашу Мурадрэ Хьэшыр Аланрэ зэкIэлъхьэужьу кьызэрыхэжаныкIам «Алания»-м и футболистхэм я лъэ щIиригъэхупащ. Абыхэм нэсу Налшык хъащIугурыIуащ уи цIэр пхъуэж кьудейкIэ екъуIэнысыгъэхэр зэрызыIэрымыгъэхьэфынур.

АдэкIэ фIыщыдгъэгъуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгуГуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **1:1**, **«Легион-Динамо»** (Мэхъачкъалэ) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:2**, **«Урожай»** (Краснодар) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **1:1**, **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **1:2**, **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Интер»** (Черкесск) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» Осетие Ищхъэрэ-Аланиеми и кьалащхьэм щIигъэкIуэжыкIэ я хьэрхуэрэгъуэр псынщIэу ираудыхыну. АрщхьэкIэ «Алания»-м и футболистхэр абы хузэхьэзыру кьыщIэкIри, езыхэр япэкIэ кьуэтащ. Ахэращ зыкъомрэ тепщэныгъэр зыIыгъар икIи бжыгъэр япэу кьызэIузыхар. Зэхьэзэхуэ кIуам «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ нэхъыфIу щытауэ, иджы «Алания»-м хагъэхьа Мэшыкъуэ Иоллъам иджыблагъэ зи гъусэу джэгуэхэм я гъуэр хигъэщащ.

Кьыпщыхьунут ди щIалэхэм абы я гур ириудыну. АрщхьэкIэ дакъикъэ зытхух нэхъ дэмыкIыу Бацэ Кьантемыр бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжри, псоми щIэрыщIэу кьыщIадзэжьын хуей хъуащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIэ налшыкдэсхэм тепщэныгъэр яубыдыпащ. ЕтIуанэ Iэхьэм и пэщIадзэм лъэныкъуэхэр топ зырызкIэ зэхъуэжами, адэкIэ «Спартак-Налшыкым» и IутIыжыгъуэт. 77-нэ, 79-нэ дакъикъэхэм Ашу Мурадрэ Хьэшыр Аланрэ зэкIэлъхьэужьу кьызэрыхэжаныкIам «Алания»-м и футболистхэм я лъэ щIиригъэхупащ. Абыхэм нэсу Налшык хъащIугурыIуащ уи цIэр пхъуэж кьудейкIэ екъуIэнысыгъэхэр зэрызыIэрымыгъэхьэфынур.

АдэкIэ фIыщыдгъэгъуэзэнщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгуГуэм кьрикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **1:1**, **«Легион-Динамо»** (Мэхъачкъалэ) - **«Черноморец»** (Новороссийск) - **1:1**, **«Спартак-Владикавказ»** (Владикавказ) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:2**, **«Урожай»** (Краснодар) - **«Мэшыкъуэ-КМВ»** (Псыхуабэ) - **1:1**, **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **«Мэхъэчкъалэ»** (Мэхъэчкъалэ) - **1:0**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - **«Краснодар-3»** (Краснодар) - **1:2**, **«Анжи»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Интер»** (Черкесск) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» Осетие Ищхъэрэ-Аланиеми и кьалащхьэм щIигъэкIуэжыкIэ я хьэрхуэрэгъуэр псынщIэу ираудыхыну. Урысей Федерацэм футболымкIэ и кубокыр кьэхьыным ипкъ иткIэ щIэзыдза зэхьэзэхуэм и финалым и 1/128-нэ Iыхьэм хьихьэу ар нобэ Iущ Iэнущ «Спартак-Владикавказ»-м.

ЖЫЛАСэ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2019 - 2020 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Динамо-Ставрополь»**	2	2	0	0	5-0	6
2.	**«Дружба»**	2	2	0	0	2-0	6
3.	**«Спартак-Налшык»**	2	1	1	0	5-3	4
4.	«Волгарь»	2	1	1	0	3-1	4
5.	«Краснодар-3»	2	1	1	0	3-2	4
6.	«Легион Динамо»	2	1	1	0	2-1	4
7.	СКА	2	1	0	1	2-2	3
8.	«Мэхъэчкъалэ»	2	1	0	1	1-1	3
9.	«Анжи»	2	0	2	0	2-2	2
10.	«Биолог-Новокубанск»	2	0	2	0	2-2	2
11.	«Черноморец»	2	0	1	1	1-2	1
12.	«Мэшыкъуэ-КМВ»	2	0	1	1	1-2	1
13.	«Урожай»	2	0	1	1	1-3	1
14.	«Интер»	2	0	1	1	1-4	1
15.	«Алания»	2	0	0	2	2-5	0
16.	**«Спартак-Владикавказ»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**0-3**	**0**

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

Ди щIалэгъуалэм я зыгъэпсэхупIэ

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр дахэу щагъакIуэхэм ящыщщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къыщыригъэпэща «Адыгэ вагъуэзэшIэ» зэхьыхьэр.

«НАЛШЫК КУРОРТ» зыгъэпсэхупIэм махуэ зыбжанэ нэгзыгъуэу щагъакIуэщ Сирием къикIыжу ди деж къэIэпхъуэжа ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэм, Иорданием, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыкIухэм. А Iуэху дахэм трагъэкIуэдэну ахъшэр ДАХ-м къыщIихьащ УФ-м и Президентым и Грантхэм я фондым къызэригъэпэща зэпеуэм.

Илъэсиблым щегъэжьауэ пщыкIутхум нэс си ныбжь сабий плIыщI щызэрыщIыхуащ, зэныбжьэгъу щызэхуэхъуащ абы. НыбжьыщIэхэм анэдэлъхубзэр щрагъащIэ дерсхэр, мастер-классхэр, акъылэзэхдзэ, я къэухьым зезыгъэужь зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр драгъэкIуэкIащ.

ДАХ-м и тхъэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий фIыщIэ яхуищащ сабийхэм къегугъуу кьабгъэдэта псоми.

Хьэщ1э цIыкIухэм папщIэ нэгзыужь концерт къызэрагъэпэщат ди республикэм щыщ сабий зэчиф1эхэм, лъэпкъ къафэхэмкIэ «Кавказ пшэплъхэр», «Асса» ансамблхэм, «Ритмы гор» бэрэбэнауэ гупым. Абыхэм гуимыхужу зыкъагъэлъэгуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIа пIалъэм къриубыдэу сабийхэм ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм зыщрагъэпIыхьащ, ахэр нэхъ гъунэгъуу ирагъэцIыхуащ. Псом хуэмыдэу гукъинэж яцIыхуащ «Трек» гуэлым къуафэрэзфэй цIыкIухэмкIэ зэрытетар. ИужькIэ ныбжьыщIэхэр сурэт щIыныжкIэ зэпеуэщ, нарт эпосым щыщу езыхэм нэхъыфIу ялъагъу лIыхъужьым и теплъэр къагъэлъагъуэурэ.

Гукъыдэж зиIэхэм лъэпкъ къафэхэм зыхуагъэсэную Iэмал яIащ.

Шэч хэмылъу, а гъэмахуэ зыгъэпсэхупIэм щыIа сабийхэм къахуэщхьэпэн куэд абы къыхахащ. Нэхъыщхьэращи, лъэпкъ, хэку лъагъуныгъэм и Iэфlыр зыхащIэну Iэмал яIащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Щапхъэ

Зи IэщIагъэр псэкIэ къыхэзыха

КъытщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ егъэгъуэтын Iэнатlэ мытынышм хьэлэлу пэрытхэм ящыщщ Къулъкъужьн Ищхъэрэ къуажэм дэт 3-нэ курыт школым урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, абы и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лъэкIыгъэмкIэ и къуэдзэ Багъ Светланэ Анатолэ и пхъур.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМ пыщIа Iэмалыщ1эхэм лъыхъуэу, ахэр и лэжьыгъэм кьыщигъэсэбэпу фIыуэ ильагъу и Iэщ1агъэм ар зэрыпэрытрэ илъэс 19 мэхъу. А зэманым къуриубыдэу Светланэ хуIэкIащ и лэжьэгъуэхэм я мызакъуэу, и еджакIуэхэми я гум дыхьэн, екъуIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэн.

1977 гъэм Кьулъкъужьн Ищхъэрэ къуажэм кьыщалъхуэ хьыджэбз цIыкIум егъэджакIуэ Iэщ1агъэр кьыхэзыхихыну гу лъытэрт - зэрыджэгу къэпшыпхэм я нэхъыбэр зэреджэ, зэрытхэ Iэмэпсымэхэт, уеблэмэ и гуащхэр щригъаджэ къыхуихуэу апхуэдэт.

1994 гъэм курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ къыуха нэужь Светланэ щеджащ Бэрбэч Хьэтlугъэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ иIэ кьудамэм. ЕджапIэ нэхъыщхьэми и цIэр фIыкIэ къралIуэу щIэсащ Багъыр, зэпеуэзм бжыпэр щиубыду, университет гъащIэм жьыджэру хэту апхуэдэт. 1999 гъэм екъуIэныгъэ иIэу КъБКъУ-р кьиурэ, езыр зыщIэса школым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэу игъэзэжауэ нобэр кьызэдэсым абы щолажьэ.

Уи псэм пэгъунэгъу лэжьыгъэ ущыпIэрытым деж, зэманри къомэщIэкIыу къыпщоху. Апхуэдэу, дэтхэнэ дерсми щIэщыгъуэгъэ хэлъхьэным гурэ псэкIэ хущIэкъуу, зыри зыIытщIэмыхьэ зэманыр хуримыкъуу мэлажьэ Светланэ. Дэтхэнэ дерсми нэгъэсауэ зэрызэхуигъэхьэзырыным, и гъэсэнхэр и предметым нэхъыбэу зэрыдригъэхьэхьыным яужь итщ ар. Апхуэдэ псэ хьэлэл лэжьыгъэр псыхэкIуадэ зэрымыхъуи и щыхьэтщ абы иригъаджэхэр щIэныгъэ куу къагъэлъагъуэу, текIуэныгъэ кьыщацIу зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм зэрыхэтыр. Багъыр категорие нэхъыщхьэ зиIэ егъэджакIуэщ.

Светланэ и нэIэм щIэту къызэрагъэпэщ икIи ирагъэкIуэкI зэIущIэхэр, пшыхь зэмылIэужьыгъуэхэр. Абы и классщIыб лэжьыгъэхэр хуабжу сэбэпщ щIэблэр къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащу къэгъэхъунымкIэ, гъащIэм къыщыхьу Iуэхугъуэхэр зэпкърахьфу есэныжьмкIэ. Абы зэи блигъэкIырхьым къэралым, республикэм щагъэлъапIэ махуэшхуэхэм ятеуха дерс щхьэхуэхэр имыту, ди лъэпкъым, адыгагъэм ехьэлIа зэхьэхьэхэри щIэх-щIэхьыгъэ иregъэкIуэкI.

Нобэ Багъым и хуэпсапIэхэм ящыщ зыр къехъулIауэ жыпIэ хъунущ - щылажьэ щхьэлым фIэлIыкI щIиIэу, нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми чэнджэщагъу, щIэгъэкъуэн яхуэхъуу щытщ. ЩIэблэр егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ кьыщихьа ехьулIэныгъэхэр кьалъытэуэрэ, абы зыбжанэрэ кьыхуагъэфащащ щытхъу, фIыщIэ тхьилъхэр. Абыхэм ящыщщ Бахъсэн щIыналъэм щIэныгъэмкIэ и управленэм и ЩIыхь тхьилъыр, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ паластэм, «Урысей зэхъуэт» партым, Кьулъкъужьн Ищхъэрэ къуажэ администрацэм. Хьэтlохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм кьабгъэдэкI фIыщIэ тхьилъхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи къарури зи щIэныгъэри щIэблэм гъэсэныгъэрэ щIэныгъэрэ етыным тезыухуа Светланэ зыпэрыт Iэнатlэм адэкIэ и къарур пэлъэщу илъэс куэдкIэ узынщэу лэжьэну дохъуэхьу.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Хъуэхъу

Мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъуа Уэлджыр Люсэ Къарней и пхъум дохъуэхъу и узыншагъэр быдэу, и гъащIэр щIэращIэу, и гукъыдэжьыр мыкIэущIу, дэрэжэгъуэ къезытым хэхъуэу, нэщхьеягъуэр кьыпекIуэкIыу, и гурыльпжэр кьехъулIэу Тхьэм куэдрэ тхуигъэпсэуну. Люсэрэ и щхьэгъусэ Хьэбалэрэ яку дэлъ хабзэ, нэмыс, цIыхугъэ дахэр щIэблэм я щапхъэщи, я пщIэм адэкIи хэхъуэу унагъуэ жьэгум и жьантIэм дэсыну, илъэс куэдкIэ эдзэпсэуну ди гуапэщ.

КЪУЩХЬЭХЭ Нинэ, Аринэ, Аслъэн.

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 27, щэбэт

♦УФ-м и Сату Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦1147 гъэм Москва къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.

♦1694 гъэм дунейм щыяпэу Инджылызым къыщызэIуахащ и банк нэхъыщхьэр. ЦIыху 1268-м я мылъку халъхьат Шотландием щыщ хьэрычэтыщIэ Патерсон Уильям и банкым.

♦1841 гъэм Пятигорск пэмыжьыжьу Мэшыкъуэ бгы лъапэм и деж щаучIащ урыс усакIуэ, тхакIуэ щэджащэ Лермонтов Михаил.

♦1922 гъэм Адыгей автономнэ областыр къызэрагъэпэщащ.

♦1941 гъэм Симонов Константин Москва щитхащ «Жди меня» зыфIища усэр. Зауэ зэманым ятхахэм я нэхъ цIэрыIуэ дыдэ хъуахэм ящыщщ а усэр.

♦1944 гъэм советыдзэхэм хуит къащIыжащ Львов къалэр.

♦1952 гъэм Индыл-Тэн кIэнауэр къызэIуахащ.

♦1981 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер къызэIуахащ. Иджы ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетщ.

♦1985 гъэм Москва къыщызэIуахащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XII дунейпсо фестивалыр. ГуфIэгъуэ зэхьыхьэр къызэIуихат КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэу а зэманым щыта Горбачёв Михаил. Фестивалыр щыщхьэIуэм и 3 пщIондэ екIуэкIащ.

♦1990 гъэм Белоруссиэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ кьищтащ я къэрал суверенитетым теухуауэ.

♦1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэуващ президент кьулыкъур.

♦2012 гъэм Инджылызым и кьалащхьэ Лондон къыщызэIуахащ XXX гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр екIуэкIащ бадзэуэгъуэм и 27 - щыщхьэIум и 12-хэм.

♦Совет шахматистэ, дунейпсо чемпионкэ **Руденко Людмилэ** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Адыгей усакIуэ, драматург **Чуякъуэ Джэфар** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Iэбубэныр Нажмудин** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щомахуэ Алексей** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм и щIыхуэ тхакIуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чуякъуэ Инус** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэI лэжьакIуэ, Тэрч щIыналъэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Емкъуж Хьэсэнбий** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артистка **КIэнэтI Лидие** къыщалъхуэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакIуэ, тхакIуэ **Тау Нинэ** къыщалъхуэ махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, плалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщIешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 17 - 19 щыхьэунущ.

Бадзэуэгъуэм и 28, тхъэмахуэ

♦Гуэржь узымебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм и Дзэ-Тенджыз Флотым и махуэщ

♦1586 гъэм Европэм ипэ дыдэу кIэрIоф хъашащ. Колумбием къришри, а къэкIыгъэр Инджылызым кьишат Хэрриот Томас.

♦1697 гъэм Камчаткэ хьтIыгункIыуэр зэрыщыIэр кьахутащ.

♦1858 гъэм криминалистикэм ипэ дыдэу къыщагъэсэбэпащ Iэпапlэкэр.

♦1914 гъэм Ипэ дунейпсо зауэм щIидзащ. Ар дунейм щекIуэкIа зауэ нэхъ ин дыдэхэм - хэта къралхэм, зи псэр щызыта, гузэвэгъуэ хидза цIыхухэм я бжыгъэкIэ - ящыщу кьалъытэ. ЦIыху мелуанипщIым щIигъу хэкIуэдауэ, мелуан 22-рэ уIэгъэ щыхьэуауэ щытащ а зауэм.

♦1928 гъэм Нидерландэм я кьалащхьэ Амстердам къыщыщIэуахащ IX гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Зэхьэзэхуэхэм щIадзакIэт накъыгъэм и 1-м. Олимпиадэр зэхуащIыжащ щыщхьэIум и 12-м.

♦1942 гъэм СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и цIыхубз комиссарым Iэ щIидзащ 227-нэ унафэм, «Зы льэбакъуэкIи кIымыкIуэтын!» кьыхуеджэныгъэр щыубзыхуэм.

♦1944 гъэм Белоруссие ССР-м щыщ Брест къалэр советыдзэхэм фашист зэрыпхъуакIуэхэм кьыIэщIагъэкIыжащ.

♦1957 гъэм Москва къалэм кьыщызэIуахащ щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я VII дунейпсо фестивалыр. Абы хэтащ къэрали 131-м кьикIа ныбжьыщIэ мин 34-рэ. «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблыр а фестивалым и лауреат хъуащ.

♦1980 гъэм СССР-м и кьалащхьэм щыIэ Ваганьковэ къхъм щыщIалъхьащ Высоцкий Владимир и хьэдэр. А нэщхьеягъуэм къирихьэлIат щIыху минхэр.

♦1984 гъэм Лос-Анджелес (США) къалэм къыщызэIуахащ XXIII гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Абы хэтакъым Совет Союзымрэ абы и дарэгъу къэралхэрэ я спортсменхэр.

♦1992 гъэм Урысейм и МЧС-м и къэлъыхъуакIуэ-кьегъалакIуэ кьулыкъущIапIэр къызэрагъэпэщащ

♦1995 гъэм Индием и Бомбей къалэм и щIэр Мумбаи жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦Франджы драматург **Дюма Александр (кьуэр)** къызэралъхурэ илъэси 194-рэ ирокъу.

♦Сирием щыпсэуа жылагъуэ лэжьакIуэ, Сорбоннэ дэт университет щIэрыIуэр къэзыуха, «Шэрджэсхэм я тхыдэр», «Пащтыкъым я бийуэ шэрджэсхэм ирагъэкIуэкIа зауэхэр» лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIа **Сэмгугъу Iэмин** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Швейцарием щыщ, хьэжьр джыныкIэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ **Пикар Жак** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарист, УФ-м и цIыхубз артист **Басов Владимир** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цIыхубз артистка **Макаровэ Иннэ** и ныбжьыр илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей кинорежиссёр, драматург, актёр, тхакIуэ, УФ-м и цIыхубз артист **Мережкэ Виктор** и ныбжьыр илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, РСФСР-м и цIыхубз артисткэ **Белохвостиковэ Наталье** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Венесуэлэм и президенту щыта **Чавес Уго** къызэралъхурэ илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщыщхьэнущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 24-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьэунущ.

Бадзэуэгъуэм и 29, блыщхьэ

♦Къаплъэным и дунейпсо махуэщ

♦1696 гъэм урысыдзэхэм яубыдащ Iуэзв тырку быдапIэр.

♦1836 гъэм Франджым и кьалащхьэ Париж и Вагъуэм и утыкум (иджы абы зэрехьэ Шарль де Голль и цIэр) къыщызэIуахащ Триумфальная арка зыфIаща ухуэныгъэ телъыджэр.

♦1914 гъэм VI гъэмахуэ Олимп Джэгуэр зэрыщымыIэнум теухуа унафэ къащтащ. Ахэр Германием щызэхэтын хуеят, ауэ Ипэ дунейпсо зауэр къызэрыхъэни я зэранкIэ зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIащ щытакъым.

♦1936 гъэм СССР-м и Гъэзащ1акIуэ комитет нэхъыщхьэм къыдигъэкIащ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэм теухуа положенэм и унафэр.

♦1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ кьащтащ Суворовым и орденым и нагъыщищIри, Кутузовым и орденым и нагъыщитIри, Невский Александр и орденыр.

♦1948 гъэм Индийм щыIэ и кьалащхьэ Лондон къыщызэIуахащ XIV гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр щыщхьэIум и 14-м зэхуащIыжащ.

♦1963 гъэм ипэу уэгум ихьащ цIыкухэр кьызэрырашэкI Ту-134 кхъухьлатэ лIэужьыгъуэщIэр.

♦1974 гъэм СССР-м Къэрал шыналъэншагъэмкIэ и комитетым и унафэщI Андропов Юрий и унафэкIэ терроризмэм ебэныным хуэгъэпса «Альфа» гупыр кьызэрагъэпэщащ.

♦1990 гъэм Калинин къалэм фIащыжащ нэхъапэм зэрихьа Тверь цIэр.

♦1997 гъэм адыгэ пхъурыпхъу, Иорданием и пащтыкъхъуэ Алий Бен-Хъусен «Кабардинка» ансамблым хэтхэм я IуащIащ.

♦Дуней псом щыщIэрыIуэ сурэтыщI **Айвазовский Иван** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Ованес Айвазянц**) къызэралъхурэ илъэс 202-рэ ирокъу.

♦Совет Союзым и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат, Социалист Лжьыгъэм и ЛIыхъужь **Кадочников Павел** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Абхъазым щыщ еджагъэшхуэ, жылагъуэ лжьакIуэ щIэрыIуэ, юридическэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, Абхъазым щIэныгъэхэмкIэ и академием и президент **Шамбэ Тарас** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦ЩIэныгъэлI, адыгэхэм я мэкъумэш, ботаникэ щэнхабзэр дыкIыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа **Хьэкъун Барэсбий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист **Сэхъутэ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ дзэ къулыкъущIэ, жылагъуэ лжьакIуэ, генерал-майор, СХьР-м и Адыгэ ФIыщIэ хасэм и тхьэмадэм и хуэдэз **Къэбэрдей Аднан** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Совет, урысей композитор, уэрэджыIакIуэ, продюсер, УФ-м и цIыхубз артист **Крутой Игорь** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 - 27-рэ, жэщым градус 18 - 19 щыхьэунущ.

ЗыгъэхьэзырарЗ
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гум дэбгъахуэр фэм къеIуатэ.

● Тхылтъыщіэм теухуауэ

Мэшбащіэ Исхьэкъ и «Ажал гъуэгу» романым узыхуишэ гупсысэхэр

Адыгэ лъэпкъым и тхыдэ беймрэ и щэнхабзэ куурмрэ хъумэным хуэунэтІауэ Мэшбащіэ Исхьэкъ къызыкъуиха зэфІэкІым хуэдэ гъэзыгъуейщ. «Ди янэ итахэм яхэлъа лІыгъэм сигу хигъахъуэрт икІи сигъэпІейтейрт, - жеІэ езы тхакІуэм. - Ди лъэпкъым лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэрэ къыздрихьэкІ нэщхъеягъэмрэ гуэхущІымрэ зыхэзмыщІамэ, и гум телъ хьелъэр къысхуэІуэтэнутэкъым».

АДЫГЭУМ нэхъ куууэ зыхищІэ тхыдэ напэкІуэцІхэм щІэгупсысурэщ, архивхэм щІэсурэщ тхыдэ романым хуэІэижь хъуа Мэшбащіэм и хъэтІыр зэрызэфІэувар. Къэнжал зауэм щыгъуазэ зезыщІыну хуейхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ дыззэрыт зэманым. А тхыдэ напэкІуэцІым Исхьэкъ зэрыпэджжэ сатырхэр щІэджыкІакІуэхэм нэпсейуэ зэрапхъуатэр уи нэгу щыщІэкІкІэ, Мэшбащіэм и къалэнымрэ къыдлэжьа пщІэр щІыхьуэу къызэрымущтар, тхакІуэм иджыри щІыхуэхм яжриІэн зэрикуэдыр наІуэ мэхъу.

«Ажал гъуэгур» зытеуухар адыгэзшэрджэсхэм я тхыдэм увыпІэшхуэ щызыубыдэ Къэнжал зауэрщ. 1708 гъэм Къбэрдеим щекІуэкІа а къэхъуькъащІэм теухуауэ Мэшбащіэм и Іэр зыпльэІэс дэфтэр хэмыпльэу кІымигъэнами ярейщ. А зэманым урыс-къбэрдей зэпыщІэныгъэхэр нэхъ ІІасхьэ хьуауэ къэрыт-тэтэрхэр адыгэ щІынальэхэм нэхъ къиужьгъэрей хьуат. А зэптІыныгъэитРІи Іэзэу къыщигъэльэгъуащ Мэшбащіэм и романым.

ТхакІуэм сюжетыр гъэщІэгъуэну еухуэ, итІани, нэхъыщхьэр романым и зэхэлъыкІэракъым. Мэшбащіэм зэманым и нэщэнэхэр зэпильытурэ, лъэхъэнэм щІыхур къызыхуриджэр зыхэпщІэну Іэмал ІуэтІ.

Тхыдэдж Сокъур Валерэ къызэрилъытэмкІэ, Къэбэрдейр зэи Кърымым и унафэ щІэтакъым, ауэ XVI-XVII лІэщІыгъуэхэм щІэнальэтІым я зэбгъэдэтыкІэр унафащІ-пщылІ зэхущытыкІэм хуэкІуауэ щытащ. Кърым хьанхэм къбэрдеипщхэр щхьэхуиту къалъытэ хуэдэу защІми, къуэдышхуэ къытралъхьэрт - щІалэхэр, пщащэхэр, Іэщэ-фащэ, шы, кІынэмыщІ хьэпшып лъапІэхэр хэгъэзыхьыгъэкІэ Іахьирт. XVIII лІэщІыгъуэм лъэныкъуитІкІэ зэпэщІэувэныр къызыхІэкІар кърым лъэныкъуэм Къбэрдейр зригъэува щытыкІэм къиринэну зэрыхуущІэкъурт. Ауэ къэбэрдейхэм кърым хьанхэм я щхьэхуещагъэр ягу техуэжьртэкъым: уасэшхуэ къызэрыгъэлъхьэм нэмыщІыжь, ахэр Къэбэрдеим къытеуэурэ щІынальэр ягу я къызэрихьэм хуэдэу зэтракъутэрт.

Мэшбащіэ Исхьэкъ уи нэгу къыщІэгъэхьэ апхъуэдэ щытыкІэ гугъум ихуа Адыгэ хэкум ихьуреягъкІэ щызекІуэ къэрал зэхущытыкІэмрэ зэкъуэтыныгъэ здэщымыІэ щІынальэр 1708 гъэм ирихьэлІэу щхьэхуимыту зауэм ГъэнэгъУ зэрыхуэхъумрэ. ПІакъуэ куэду зэкэт лъэпкъымышхуэм и къудамэкэ зэрызэрымыІыгъым ищІыужкІэ, хамэ лъэпкъ зэрыпхъуакІуэхэм къаГъэхъей зэрыхьэрийхэм цІыхубэр бжыгъэшхуэкІэ хэкІуадэрт. ЗэгуфыІуэныгъэрэ зэкъуэтынныгъэрэ къыгъэлъэгъуэну. Уеблэмэ, дунейр апхуэдэ щытыкІэ гугъум щІыхуэкІуам и щхьэусыгъуэр абыхэм я цІыху щІыкІэм къызэрырикІуар уи фІэщ ищІыну хуэжьэ.

Романым жьы къыщІэзыІэхьэ Іэмалхэм язщ ар адыгэхэм я деж къыщІэзэтемыуВыІэу, лъэпкъыр и гъунэгъуэм зэрахущытми зэрытепсэлъыхьыр. -ЗыгуэркІэ мыарэзы зыхэмыт пІэхэрэ щыІэкъым. Ауэ, дауэ дымыщІми, дэ зыщІ дытесщ, зы уэзых къыттоушхэ, зы уафэ къыттогъуагъуэ». Гъунэгъум гурыІуэн хуейщ, ар ину, лъэщу щытми, къаруунтшэу, уи фІэкІа зыщыгугъын имыІэмИ. Хуэпщ1эр зэрызэхимыщІыкІынур, къыззэрипІэщІуВэжьнур нэІуэми, абыи Іэмал къыхуэбгъэзытынхъэщ. Гукъинэжу тхакІуэм зэхилъхьащ Пётр Езанэм, Карл XII, Мазепэ Иван сымэ хуэдэ тепщэхэр уи нэгу къыщІэзыІэхьэ напэкІуэцІхэр.

Гупсысэ куу къиІэт пэтми, романым узыхуишэ Іущыгъэр тхакІуэм утыку зэрищІыр философхэм я псалъэуха хэІэтыкІахэмкІэкъым. Куэдгъэмрэ ІуэтІэсыфыр Іэщ-щІэм пхъыкІа цІыху гу къабзэхэщ, мыкІуэдыж фэеплъ цІыхубэм яхуэхъур абыхэм къызэранэкІ псалъэ пэжхэщ. Тхыльракъым адыгэхэм я псэукІэ губзыгъэ къызыбгъэдахьыр, - езы ГъащІэщ. Исхьэкъи Іущыгъэм и лІабжьэгу кІыщтэр лъэпкъ гупсысэкІэщ. Аращ абы и романым адыгэ псалъэжьэр хэпхъауэ щІыщытыр, сытым дежи игъуэу лІыхьужьым и гупсысэм зыкъыщІагъакъуэу. Гъэсэныгъэм и къудамитІу жьымрэ щІэмрэ, нэхъыжьымрэ нэхъыщІэжрэ зэпызыщІэ лъэмыжрэ лъэхъэнэм пхъыышыр аращ. А лъэмыжьыр хъумэныр лъэпкъкІэ зэрджэжу дунейм тетым къалэн зыщищІыжьэ, абы и хэтыркІэщ псэ зыІутыр хуитыныгъэм щІыщІэбэнщ.

Къэнжал зауэм тхыдэм уасэу хуигъэувыр псалъэ шэрыуэкІэ къиГъэлъэгъуащ тхыдэдж Кантемир Дмитрий. «Абы и мыхьэнэрадыгэхэр я бийжэм зэратекІуам деж щиухыркъым. А текІуэныгъэр ипщэкъуэкІыпІэ Европэм щекІуэкІ зэпэщІэтныгъэм Урысейм и фейдэкІэ зихъуэжьыным сэбэп хуэхъащ. Къэнжал зауэращ зи фІыгъэр Полтавэ деж щекІуэкІа зауэм урысхэр зэрыщытекІуар».

Тхыльым тынщу укъэзыгъаджэ Іэмалхэм язу тхакІуэм къыгупсысари гукъинэжщ: тхыдэ щыхьэтхэр жьжьэ щимыгъэтІылІу, асыхьэтым пычыгъэ къыхэхахэр къеХь.

«Ажал гъуэгур» адыгэ тхыдэми литературэми хэлъхьэныгъэ къызэрымыкІуэ хэуващ. ТхакІуэ-тхыдэджжьр и фІэщу романым щогупсис цІыхур дунейм къыщІытехьэм, абы хэкум, лъэпкъ къыщыхэкІам и пащхьэ щихь жъуэлъпІыныгъэм.

Мэшбащіэ Исхьэкъ и лэжьыгъэр орденэмкІэ, медалхэмкІэ, цІэ лъапІэхэмкІэ къыхаГъэщащ. Дыззэрит илъэсым Исхьэкъ хуэфащэ дыдэу «Урысей Федерацэм ЛэжьыгъэмкІэ и ЛІыхьужь» цІэ лъапІэр къыфІащащ. «А дамыгъэр сэ си закъуэ си ехъулІэныгъэу къэслъытэркъым, ар сыкъызыхэкІа лъэпкъым, зэрыАдыгей Республикэу къытхуагъэфэщащуэ собж», - жиІащ тхакІуэм ар къыщратым.

ТхакІуэр ноби и Іэр зэтедзауэ щыскъым. Езыми зэрыжиІэщи, ар сыт щыгъуи хуэунэтІащ пщэдей маХуэм. Ауэрэ «Пльэхэнэ жьжьэм и джэрпэджжэ, е Хьэтхэм я гъуэгу ечьэжІа пщыхьэщхьэ тІощІ» романри хьэзыр хъуныр Іуэхум хэлъщ.

ЩХЬЭЛАХЪУЭ Дарико,
филологие щІэныгъэхэм я доктор. Краснодар (Бжьдыгъукъалэ).
ЗззыдзэкІар **ЧЭРИМ Марианнэщ.**

● Фэеплъ

Гупыр зыгъэгуп цІыху гуапэт

Зи дуней гъащІэр зыуха цІыхум къыздрикІ лъэужьым елъытащ ар зыхэтахэм ягу къызэрринэнур. Апекъуэ Мухьэмэд Цулэ и къуэр псэуащ къэзыухъуреихьэм и гуащІэмкІэ яхуэупсэрэ зыхьыхьэм гъэпІэгъуэрэ дэрэжьгъуэрэ яхуихьу. ЗэрыжаІэу, гупыр зыгъэгуп щыпкъэу дунейм тетащ. Мухьэмэд Іуэхуфіу эзрихьамрэ ар цІыхуэхэм зэрабгъэтамрэ ноби гуапэу ягу къагъэІыж. ДэІэпыкъуэгъуэ зэуэныкъуэу абы зыкъыхуэзыгъэзэ щигъэщІэхъуэ къаХуэщІыжыркъым, апхуэдизкІэ псэ хьэлэлт ари.

2018 ГЪЭМ Апекъуэхэ я унагъуэм къихьа гуауэм и хьэлъагъэр зэрыльэпкъыу зыхащІащ. Мухьэмэд къызэрытхьмытыжьар ар зыцІыхуу щытауэ зигу къемыуа щыІэу къыщІэкІынкъым.

Пэжэн ІэщІыбанльэм щыщ Анзорей къуажэм дэса Апекъуэхэ Цулэрэ Сэмарэ я унагъуэшхуэм 1952 гъэм къыщалъхуащ Мухьэмэд. Зэкъуэшиблрэ зэшыпхъуитІрэ хьэхэрти, адэ-анэм дэтхэмэн гъэсэныгъэ тэмэм халъхьат, Іэщ1агъэ зырызи ирагъэгъэтат.

Зэрысабийрэ машинэ Іуэхухэм дихьэх Мухьэмэд, къуажэм дэт курыт школыр къыуха ноужь, зыхуедкари абы епхэ Іэщ-лагъэщ. Машинэм сэкъат гуэр иІэ хьуамэ, ар зыгъэпэщыжьынми фІыуэ хищІыкІырт икІи шофёр Іэзэт. Лэжьыгъэ Іэнатіэ зыбжанэ ирихьэкІащ абы. Япэщ1ыкІэ Кировым и цІэкІэ щыІэ колхозым шофёру къыщыщІидзащ. И унагъуэр и гъусэу Аруан щыІэнымкІэ хьыхэ Нарткъалэ Іэпхъуа ноужь, абы дзт АТП-м и автобусхэм ящыщ зым дэсу илъэс зыбжанэкІэ лэжьащ. Иужьк1э Аруан район администрацэм и унафэщІым и щытыкІэм Шоджыр Олег и шофёр хъуащ.

Унагъуэ дахи иухат Мухьэмэд. Зэхъуэхъуэ япхъу Маритэ щхьэгъусэ пэж, унэгъащэ щыпкъэ, и бынхэм я анэ гумащІэ хуэдэ. Абыхэм пщІэрэ нэмысрэ я зэхуакъ дэпЪу дахэу зэдэпсэуащ. Я щІэблэр нэмысыфІэу, Іэдэбу къаХьэуащ. Псом ящхьэращи, гъащІэм лъэ быдэкІэ хагъэуващ. Хъыджэбз нэхъыжь Альбинэ Налшык дэт КъБКъУ-м медицинэмкІэ и гъагъэ щІыкІэ лъабжьэр щІыгъуу къыхэчын зэрыхуейр мэкъумэш Іэнатіэхэмэ, я кулыкъущІэхэми, унагъуэхэми я зэхуэдэ къалэну зэрыщытыр цІыхухэм гурагъэІуащ. Уэзышагъэм тещІыхьауи ар икІыщІыпІкІэ щІэн хуей Іуэхущ, а къэкІыгъэм къыпихьи куэд егъэсымаджэри. Жьыбгъэм ар километри 10-кІэ ехьыф, километри 5-кІэ хьэуам зыщІэт. Губгъуэжьхапхъэр изымыупщІыкІэм мыпхуэдэ мардэм тету етхьэкъунущ: унагъуэхэм сом 300 - 500, кулыкъущІапІэхэм - сом 500 - 1000, юридическэ лицохэм - сом 1000 - 5000. ШыщхьэуІум и 15 - 20-м нэмыс щІыкІэ мы Іуэхур зэрфІагъэкІын хуейщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщрахьэлІэнущ республикэм и адрей щІынальэхэмэ. Къыпщтэмэ, Май, Прохладнэ, Бахьсэн районхэм а Іуэхур щокІуэкІ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тэрч щІынальэ

Губгъуэжьхапхъэм пэщІэтщ

ДжылахьстэнеймэкъумэшымкІэ и щІынальэ - Іуэхущ1апІэм мэкъумэшышІэхэр къыхуредж губгъуэжьхапхъэм и къэгъэгъэгъуэр къэмыс щІыкІэ игъэкъэбзыкІын зэрыхуейм.

ГУЭДЗ, хъэпцІий хьэсэхэм щыбагъуэ губгъуэжьхапхъэр къызэрымыкІуэу зэранщ. Хьэцэпэцэм елъытауэ, мыбы лъабжьэшхуэ иІэщ, псырэ минерал пкъыгъуэу тІыкІэ иІэхьыбэ зыщІишэу. Абы къыхэкІыу и чэзум хьэсэхэм емылэжьмэ, гъавэр бзэ хъунукъым. Губгъуэжьхапхъэр къэмыгъагъэ щІыкІэ лъабжьэр щІыгъуу къыхэчын зэрыхуейр мэкъумэш Іэнатіэхэмэ, я кулыкъущІэхэми, унагъуэхэми я зэхуэдэ къалэну зэрыщытыр цІыхухэм гурагъэІуащ. Уэзышагъэм тещІыхьауи ар икІыщІыпІкІэ щІэн хуей Іуэхущ, а къэкІыгъэм къыпихьи куэд егъэсымаджэри. Жьыбгъэм ар километри 10-кІэ ехьыф, километри 5-кІэ хьэуам зыщІэт. Губгъуэжьхапхъэр изымыупщІыкІэм мыпхуэдэ мардэм тету етхьэкъунущ: унагъуэхэм сом 300 - 500, кулыкъущІапІэхэм - сом 500 - 1000, юридическэ лицохэм - сом 1000 - 5000. ШыщхьэуІум и 15 - 20-м нэмыс щІыкІэ мы Іуэхур зэрфІагъэкІын хуейщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр къыщрахьэлІэнущ республикэм и адрей щІынальэхэмэ. Къыпщтэмэ, Май, Прохладнэ, Бахьсэн районхэм а Іуэхур щокІуэкІ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

Бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыр

Хьуранымрэ цІэр зезыхьэ уэрамым щызэрагъэпэщыжьыр хъат куэду зэтет унитІым хуабэр зэрекІуалІэ бжьамийхэр.

МЫПХУЭДЭ лэжьыгъэхэр иджыпсту я къалащхьэм и щІынІэ куэдым щызэфІах: кхъахэ хьуа бжьамийхэр, хуабэр зэбгрызытыкІ системэхэр, котельнэхэр зыхуей хуагъазэ, сэкъат зыгъэта пкъыгъуэхэр яхъэж. Мы махуэ зэкІэлъыкІуэхэм плиткэхэр щІэрыщІэу щралъхьэжащ КъБР-м и архивым и гупэм хуэзэу езыгъэзых лъэс зекІуалІэм.

«Теплоэнерго» Іуэхущ1апІэм къыкІэрымыхуу бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуегъэхьэзыр «Водоканал» муниципальнэ Іэнатіэми. Мыбы и лэжьакІуэхэм къалэм дэт люкхэм я щытыкІэр къапщытэ. Псом хуэмыдэу я нэІэ тетщ псыр къат куэду зэтет унэхэмрэ уней лъапсэхэмрэ зэрекІуалІэ, псы фІейр кьыэрыщІашьк бжьамийхэм. Мыбыхэм я нэхъыбэр иужьрей илъэс зэкІэлъыкІуэхэм зэрагъэпэщыжащ. Къалэ кІуэщІи и мазакъуэу лэжьыгъэ щхьэхуэхэр къыщрахьэлІэ Кэнжэ, Белэ Речкэ, Хьэсэней, Вольнэ Аул жылагъуэхэми, «Кыщпэк», «Мокрая шалушка» псы зэхуэхьэсыпІэхэм.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Іуэхущ1апІэхэр зыхуей хуагъазэ

2019 гъэм къалащхьэм и сабий сад 15-р зыхуей зэрыхуагъэзэн ахъшэ ирагъащ. ЯІэрыхьащ зыхуэныкъуэхэмрэ зэрырагъаджэ Іэмэпсымэхэмрэ трагъэкІуэдэну мылъкури.

ПСАЛЪЭМ папщІэ, сабий сад №74-м и пэш кІуэцІхэр къагъэщІэрэщІэж. Мыбы пэщІэдзэ классхэр щрагъаджэу щытащ, иджы илъэсри 2 - 3 си ныбжь сабийхэм щакІэлъыплъыну траухуащ. Иджы сабий яслъэм ирата пэшхэр зыхуеину псомкІи къызэрагъэпэщ: унэльэгъуэр, бжэщхьэгъубжэхэр зэрахьэрэкІащ, ягьныкъуэ пэшхэм я блынир щІэуэ яхьат. Сабийхэм я шынагъунщагъэм теухуауэ къыхалъхьа Іуэхуэхэм щыщу Налшык и школ, сабий сад куэдыр къащІыныкъуэ, хамэ дэмыхьэфын хуэдэу.

ЖАНХЪУЭТ Зуэз.

● ТхылтъыщІэм теухуауэ

Адэм и чэнджэщым нобэми тет

● Дифі догъэтъапІэ

Колхозым щыгу иСу щылажьэ и адэм НурІэдил къыжриІэу щытащ: «Іэмал бгъуэтыхукІэ, цІыхум сэбэп яхуэхъу, уахуэмыхъуфрэ - уи зэран иумыгъэкІ. Ерэ фІырэ зэхищІыкІ зэрыхъуэрэ адыгэ щІалэр тетщ и адэм а и чэнджэщым. ИкІи, зэпльэкІыжрэ къыкІуа илъэс 60 гъэуэгуанэм ирипльэжмэ, зэрыгушхуэн мыхъумэ, абы иІэкъым щІэукІытэн, и щхьэр щІрихьэхын...

КІЭНЭТІ НурІэдил къыщыхьуар унагъуэшхуэщ. Абы и адэ-анэм зэдагъэтат бынибгъу. Зи щхьэ бадзэ тезыхужьыфу унэм щІэс дэтхэнэ зым къалэн гъуэныкІа иІэт, Іэщ, хадэ, джэдкъэ жьпІэми, щхьэж хуэзфІэкІыну Іуэхур зэдащІэрт бынхэм.

Я жьлэм, Къэрэгъэш, 8-нэ классыр къыщиуха нэужь, НурІэдил лэжьэн щІедзэ мэлыхьуэу. Илъэс 14 фІэкІа зи мыныбжь щІалэщІэр гъукІэгъэсэну ирагъэбыдыпІэ Танэ Зэшудин. Ауэрэ, зэманым докІри, Іахьэу ягъаІуэ. А Іэнатіэм пэрытурэ балигъыпІэ йоувз, и армэ кІуэгъэуэр къэсри, Германием яшэ. Дзэ къулыкъым адыгэ щІалэр пэрытащ, къызыхэкІа лъэпкъым, и жьлэжьым, адыгэм я пщІэр зэриІэтыным хущІэкъуу. ИкІи, сэлэт ГъащІэм нэхъри ипсыхьауэ кьегъэзэжри, Зеленокумск дэт мэкъумэш техникумым щІотІасхьэ. Зоотехник ІэщІагъэр иІэу, еджапІэр кІыуэ нэужь, япэщІыкІэщІалэр лэжьащ мэзхъумэу. А лъэхъэнэм, 80 гъэхэм икУэм, КъэрэгъэшІ колхозым и тхьэмадэр Гугъуэт ХьэзрэталИрт. Хозяйствэр зэуэныкъуэт щІэныгъэ зиІэ ІэщІагъэлІ. И ІэщІэвыщІэр щагъашхэ фермэм и нэхъыжьу игъэувын председателым къыщилъхьуэм, НурІэдил и цІэр къаІуэ, Іэщым и пІалъэр фІыуэ зэрищІэр къыхагъэщу. Езыми абы и щытхъу жаІэу, мызэ-мытІэу, и тхьэкІумэ къицырхьати, щІалэр иреджэри, зэдэпажьэмэ зэригуапэр къыжреІэ. КІэнэтІыр арэзы мэхъури, лэжьэн щІедзэ. ИужькІэ, Іэнатіэ зэрыутым хуэдэу, абы къиужьхящ Къэбэрдей-Балькъэр мэкъумэш академиери.

Илъэс зытІущым и кІуэцІкІэ, и фермэр хъарзынэу зэфІигъэувауэ, мэкъумэш бригадэшхуэм и нэхъыжьу яГъэув. И пащхьэ кьыдалъхьа а къалэнри илъэс зыбжанэкІэ екІуэр-ещхьу зэрихьащ КІэнэтІым. ИужькІэ Налшык къокІуэри, «Мэкъумэш техника» зэгухьэныгъэм Іэнатіэ щхьэхуэ кьыщІат. Абдежми и лэжьыгъэр, игурэ и псэрэ етауэ, щрихьэкІащ Къэрэгъэш щыщ Іэщ1агъэлІым. Бгъэдэтащ, зэрысабийрэ зэреса м, хьэжьыр зэрапхыкІам тету - ІэхъуэгъэтегъэкІ лъэпкъ и Іуэхум къыхимыгъахуэу.

КІэнэтІыр «Мэкъумэш техникэм» щыІэху, я жьлэм, Къэрэгъэш, зыбжанэрэ щызэрахъэжІащ колхоз унафэщІэр. Зы гъэ гуэрым хозяйствэр тхьэмадэншэу къыщынэм, а Іэнатіэр нэхъ зезыхьэфыну къалъытэу, псом япэ зи цІэ къраІуар НурІэдилщ. Апхуэдэ дэхэ, уеблэмэ къыдэкІуа мыхъумыщІагъэхэм я зэранкІэ, ныджэм къыридза къуажэдэсхэм защІэгъэкъуэнырщ. НурІэдил зэрыщІыху жьмартым, зи Іуэху зэхуэмыхьу Іэджэм абы и сэбэп зэрекІам и гугъу умыщІи, мы зы щапхъэ закъуэм къегъэльагъуэ ар зэрыгуІэгъуньр: хозяйствэм жьмышу щІылажьа цІыхубэитІым щыпсэун яІэтэкъым. Зым и унэм псы къыщІэуэри зэбгъэпэщыж мыхъуну Іисраф хъуат, етІуанэм зыщІэсхи иІэтэкъым. Ар къыщищІэм, НурІэдил колхоз правленэр зэхуишэри унафэ къыщІащащ цІыхубзитІым зыщІагъэкъуэну. ЗэрыжаІэу, яІэри ямыІэри зэхадзэри, зым и унэр зэрыщыту хуащІащ, етІуанэм, шифер трилъхьэжьи фІэкІа, уи фІэщ хъуркъым, республикэм нащэрэ помидору ярикъун а зы къуажэм къыхуэмыгъэкІыну. Тыркум хьэмэрэ Азербайджаным ykІуэ, помидор къыщІэпщІыну щыІэу сщІэркъым, ари сэ хэмыхьэрэ пхуэмыбзытэу, Іэфлагъ лъапкъи щІэмыльу.

КъБР-м и Парламентым и депутату щыта фермерыр илъэс тІощІырыпщІым нэсауэ соцІыхури, сухуэзынэщ, напэ, щІыхьэм щапхъэу къажуэхьэм хуейр. Я насыпщ апхуэдэІ зыщхьэщыт унагъуэм.

Колхозыр къутэжа нэужь, НурІэдил фермер Іуэхум зриташ. Псынщокъуэ къуажэм къыщащІэхужа Іэщ егъэзэпІэхэр зэрищІэпэщыжауэ былыму 600 щегъэхъу, шыуэ 50, мэлу 300 щыІэщ. А псор цІыху зыбгъупщым зэрахъэ. Я мазэ хьэкъыр сом мин 15-м и кІэ къихуэхьэкъым. Трактористхэм яхэтщ сом мин 40 - 50-м нэс зрати. Щхьэж и Іэнатіэм хилъхьа гуащІэдэкІым къыздрикІуэр лъосыж. Іэщ1ихъуэхэм гуфІэгъуэ е гъэзэгъэу къалъыкъэкІмэ, гъавэжІи лыхэкІкІи защІегъакъуэ КІэнэтІым. Фермэм тесхэр пщІэншэу ягъашхэ.

Хозяйствэм и нэхъыжь НурІэдил фІыуэ щыгъуазэщ щІы Іуэхум теухуауэ, «гъавэ щІапІэр зэхуэдэу дывгъэгъуэшьж» жаІэу, щІыпІэщІыпІкІэрэ хьэргъэшыргъэ къыщІащІэтым.

- Дунейр къыззэриГъэщІрэ цІыхур щІыззэауэр щІырэ псырэщ, - къыхегъэщ абы, - сыбгъэлажьэркъым жиІэу зыри къоззуэнукъым. Республикэм щІыр ди мащІищи, а Іуэхум хуабжьу егупсысауэ бгъэдыхьэн хуейщ. ЦІыхум я фэр зэрызэмыщыхьым хуэдэу, я гупсысэри, я акъылри зэтехуэрэкъым. ЩІым теуауэ щхьэж и Іуэху елъытауэ и Іэжщ. СыззэрепІымкІэ, щхьэзакъуэ фермеру лэжьэну хуейм абыкІэ Іэмал етыпхъэщ, цІыху зыбгъупщІ зэгухьэу гъавэ, нэгъуэщІ ерыскъыпхъэ къагъэкІыну я я мурадми, апхуэдэхэми уи гупэр яхуэгъэзапхъэщ. Псалъэм щхьэкІэ, сэ гектар 500 сІыгъэр адрейм зы гектар имыІэу, ари тэмэмкъым. АрщхьэкІэ, щІыр зэхуэдэу бгъэшыжмэ, зэрахьэну пІэра? Мес, илъэс зыбжанэ ипэкІэ, ди жьлэм щІапІэ зыкъом щатати, абы щыщ Іэджэ пабжьэу зэщІэкІэжащ, зэрамыхьэу. Ауэ, дауэ щымыітми, къэралым фІыуэ зыщІигъэкъуэн хуейщ щым телъжьыхь, Іэщ зыгъэхъу цІыхум. Мис мы жьлэ цІыкІум, ПСынщокъуэм, дэсхэм ядэІэпыкъуи, си фІэщ хъуркъым, республикэм нащэрэ помидору ярикъун а зы къуажэм къыхуэмыгъэкІыну. Тыркум хьэмэрэ Азербайджаным ykІуэ, помидор къыщІэпщІыну щыІэу сщІэркъым, ари сэ хэмыхьэрэ пхуэмыбзытэу, Іэфлагъ лъапкъи щІэмыльу.

КъБР-м и Парламентым и депутату щыта фермерыр илъэс тІощІырыпщІым нэсауэ соцІыхури, сухуэзынэщ, напэ, щІыхьэм щапхъэу къажуэхьэм хуейр. Я насыпщ апхуэдэІ зыщхьэщыт унагъуэм.

МЫЗ Ахьмэд.

● Хъыбар гукъинэжхэм щыщ

Уджпхырыху

Шыгъуэ Нэиб жари Зеикъуэ щІалэ хьелэмэт дэсащ, лэжьакІуэшхуэу, ехьэжьауэ цІыху хьелэлу, нэщхьыфІэу, гушыІэ дахэ хэлъу, псом ящхьэжу дахащэу къафэу, езыр сэ нэхърэ нэхъыжьми, си ныбжьэгъушхуэу.

НэІиб зауэм хэтыну и ныбжьыр нэсыпатэкъым, ауэ зауэм щыгъуи, абы и ужь ильэсхэми гугъуэхми лэжьыгъэм я нэхъ хьэлэр зи фэм дэкІахэм я пашэу щытащ. Абы теухуауэ куэд жыпІэ хъунущ, ауэ сэ зи гугъу сщІынур ар гукъинэж щІысщыхьуа и джэгу хэтыкІэ, и къафэкІэ дахэрц, икІи къытехьуауэ щыта зы Іуэху дихьэшэнщ.

Зауэ зэманми, абы и ужь ильэсхэми адыгэ къуажэхэм гуэвэгъуэшхуэ дэлъащ. ЦІыхур ныбджэст, ІэпцІэпльапцІэт, зы хьэдагъэм адрейр къытехьэуэ зауэм хэкІуэдауэ зи хъыбар къахьхэр ягъеижырт. Фронтыр гъэшхэн хуейти, лэжьыгъэр зымащІэкІи къамыгъэтІасхъуэ лІыжь-фызыжьхэм, фызабэхэм, балигъ мыхъуа сабийхэм ираІэрэкІырт, щыхьи псэхуи щыІэтэкъым. Арыншауэ зэрымыхъунури ящІэрти, зыщІезыгъэхи тхьэусыхи яхэттэкъым. ГъэщІэгъуэныр арти, апхуэдизу гуауэмрэ гугъуэхьымрэ зыдэлъ къуажэм адыгэ джэгур щыхэпыургэкъым. Фызышэ хьэгъуэлІыгъэр мащІэми, нэгъуэщІ щхьэусыгъуэ гуэрхэри къыкъуэкІырт. Я благъэ нэгъуэщІ кІуажэ кІикІрэ кІахуэкІуамэ, джэгушхуэ хуащІырт. Гуауэм иужьыгуа цІыхур Іэмал имыІэу нэщхъыфІагъэ гуэри хуейт. Арыншэу псэуфынуэтэкъым.

Мы стхьжьр си нэгу щІэкІауэ сэ фІыуэ сызыщыгъуазэщ. Балигъ мыхъуа щІалэгъуалэр нэхущыи къыщыщІэдзауэ кІыфІ хуэху белкІэ кІэртІоф къэтІыжу, нартыху къыдэтчу е мэкъу деузу, Іэнэ тщтэуэ губгъуэм дитауэ, жэщым куэжэ джэгум дыкъехрэ хьэгъуэлІыгъуэм дыхэтауэ пщэдджьыжьым лэжьыгъэ хьэлэм дыпэрыхьэжьырт. Дэнэт апхуэдизэ къару къызэдкІри?! Къуажэм дыздэкІуэн джэгу щымыІэмэ, жэщхэсу дыздэщыІэ бригадэ пщыІэм джэгушхуэр щызэхэдубгъэт. Зыр лІэмэ адрейм зэрызимыІэжьыр арауэ къыщІэкІынщ, цІыхур зыгъэпсэури, сыт хуэдэ гуауэми хьэзабми къезыгъэлри.

АтІэ, мис апхуэдэ къуажэ хьэгъуэлІыгъуэ джэгум и пащтыхьт Шыгъуэ Нэиб. Ар зыхэмыстыр джэгу мыхъуауэ къалъытэрт, здэмыкІуам къакІуэрти яшэрт. Нэиб кафэу щытеткІэ, пшынэрэ зэрыпІэлъырт, Іэгури щІадырт. Мо щІалэ щынэ дахэшхэм зиупщІыжу лъапэкІэ къафэу, къыкІыгуфІыкІрэ и нэхэр ипытІу щыпльатъукІэ, уи гур къыгуфІыкІырт, дуней гуауэр пщигъэгъупщэрт, упсэуну гукъыдэж къуитырт.

Зэгуэрым, хэтхэми сщІэжькрьым, щхьэусыгъуэрэ сщыгъупщэжащ, джэгушхуэ щыІэт, НэІиби хэту. Иджы ди адыгэ джэгуэм хъарзынэу къыщоф, ауэ удж хэтыжу слъагъуркъым. Абы щыгъуэ уджыр екъэжьауэ екІуэкІырт. Арат щІалэгъуалэм я зэпсэгъэгъа. **25**. Щ1ым гъуэ куу щ1ызыщ1, хьэпІацІэхэр зи шхыныгъуэ псэуцхъэ щІыкІу. **27**. Адыгэш къабзэ. **28**. Іэщ ... бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къыщІынщ, цІыху ... бгъашхэмэ, уи Іупэм къеуэжынщ. **29**. ... пыІэ. **33**. ЛІы и къуэгъуэ ... и гъуррэ. **34**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащІэ. **36**. Шым и кІуэкІэ. **37**. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **39**. Ди къуажэ зы фыз ... дэсщи, узыфэ псори игъэхъужу жеІэ. **40**. Литературэ тхыгъэ мыин. **41**. Андемыркъан Къэбэрдей пщышхуэм мыпхуэдэу ещанэ хьыбархэм хэтщ: «Бесльэней ПщІапІэу ..., си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?» **42**. Теунэ Хьэчим цІэрыІуэ зыщІа повесть.

Къехьу: 1. Хугу хьэжьыгъэм, тхъум, фошыгъум къыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **2**. Тхьылъым и «джанэ». **3**. ХадзэхкІ. **4**. ГъущІ щхъуэ-щІыхуфэ - гъэткІуэгъуафІэу, упІэщІыгъуафІэу. **6**. Пуду къещІэху, гъалпІэу ещІэж. **11**. Тонн 70-100-м щІигъу къъщІэсу псэущхьэ. **12**. КІуэ пэтми бжьмэ зымыкІу. **15**. Пхъум и бын. **16**. Нэхъапэхэм къулыкъущІэхэр зэрызэекІуэу щыта шыгу. **18**. «Іуащхьэмахуэ» журналым илъэс 40-м щигъэкІэ щыІэжьа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **21**. МафІэ бзий къыдихьу уафэм къыщоуэ. **22**. Уафэ лъащІэм къыщызыкІухь ... Іэрамэ. **23**. ХьэщІэ лъапІэм хуаукІ Іэщ. **26**. ГъаварзэкІ щІэрыІуэу щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІы-хьужь ... Ахьмэд. **30**. Ди унафэщІм и ... къызегъэз. **31**. МафІэ здэщыІэм ари щыІэщ. **32**. Къулейсыз дыдэ. **35**.Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист - къызэралъхьэрэ мы гъэм илъэс 85-рэ ирокъу. **38**. Адыгэ джэгуакІуэ цІэрыІуэ Агънокъуэ ... **39**. ЦІыху сабыр, зэпІэзэрыт, щэныфІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Бадзэзэгъуэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екіуэкіыу: **5**. Азэмэт. **7**. БжьапцІэ. **8**. Пхъы. **11**. Щхьэхьынэ. **14**. Щимэ. **15**. Тхьэм. **16**. Къул. **18**. Лы. **19**. Іумыл. **22**. Щынэ. **24**. Анэ. **25**. Нэд. **26**. Къэб. **27**. Пхъужь. **28**. Аркъэ. **31**. Танэ. **32**. Хьул. **33**. Бо. **34**. Пагэ. **36**. Тхьупс. **39**. ТІэхъуалэщ. **42**. Кумб. **43**. Гурымыкъ. **44**. Бейгуэл.

Къехьу: 1. Къанкъуэщ. **2**. ХьэщІэщ. **3**. Бжьыхьэ. **4**. КІуэркъым. **6**. Пхъэх. **9**. Жьым. **10**. Щ1ыхь. **12**. Хьэлэ. **13**. Нало. **17**. Лъэнтхъуий. **20**. Мысыр. **21**. ЛантІэ. **22**. Щ1эбэт. **23**. Номин. **29**. УпщІэ. **30**. Абгъуэ. **34**. Пэнагуэ. **35**. Гын. **37**. Хьуэ. **38**. Сомали. **39**. ТІымыжь. **40**. Армэ. **41**. Щ1уэй.

● Дыщалъхуа щІыналъэм

Джэдмышх псыкъелъэхэр.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Шэкіэ щіа прунж хьэнтхъупс, бжьын гъэлыбжьа тедзауэ

Прунж лъэсар шыгъу зыхэдза псы къэкъуалъэм хакІутэ, зэІащІэуэрэ, тхъурымбэр кІэтрахыуэрэ зэ къытрагъэкъуалъэ. МафІэр щабэ ящІри, ныкъуэвэфІ хуэху ягъавэ, зэззмызэ тхъурымбэр кІэтрахыуэрэ. ИтІанэ зэІащІэуэрэ шэ гъэпщтар щІакІэ, мафІэр щабэ ящІри, хьэзыр хуэху ягъавэ.

Хьэзыр хуэа прунж хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрахыж, бжьын гъэлыбжьа тредзэри, шыуанышцхьэр теПІауэ дакъикъитху-хыкІэ щагъэт. Пщтыру Іэнэм трагъэувэ. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): псыуэ - г 150-рэ, прунжу - г 50, шэ щІэмыхуу - г 400, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз. *Бжьын гъэлыбжьам:* тхъууэ - г 15, бжьын укъэбзауэ - г 15, шыбжий сыр хьэжауэ - узыхуейм хуэдиз.

КІэртІоф гъэва гъэдиижа

КІэртІоф тхьэщІар и фэр зэрыпелъу ягъавэ. Псыр щІагъэжри ягъэупщІыІу, яукъэбз, пІащІэ цІыкІуурэ яупщІатэ. Бжьын цІынэ гъэкъэбзар сэкІэ зэпагъэлъэлъ, бжьынныху укъэбзар яуб. Ахэр фалъэ куум иралъхьэри шыгъу, шыбжий сыр хьэжа хадзэ, шатэ хакІэжри, зэрызэхэмыпІытІэнкІэ хуэсакъыуэрэ кІэртІоф ІупщІэхэр хагъэзэрыхь.

Іэнэм щытрагъэувэжкІэ тепщэч куу цІыкІум иралъхьэри, бжьын цІынэ упщІэта тракІутэж. ЩІакхъуэ е лэкъум дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): кІэртІоф мыуукъэбзауэ - г 200, бжьын цІынэу - г 50, бжьыныху укъэбзауэ - г 20, шатэу - г 80, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхыльым къитхыжащ.

Псалъэзэблэдз

Екіуэкіыу: **5**. Пхъэ къутахуэ жьгъей, пхъэ упсахуэ. **7**. Ябыныкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІацІэ. **8**. Уи щхьэ мыуэым ... иумышэкІ. **9**. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. **10**. ... зимыІэм дзажэпкъ иІэщ. **11**. ЩІымахуэ щыгъын. **13**. Зэпэхьурейуэ пшэр. **14**. Лым трищІэ пшэрыпІэ. **17**. Ябпэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа президент хэхныгъэхэм хэта, философие щІэныгъэхэм я доктор ... Феликс. **19**. Псы фІей ина. **20**. Пщэ гъум. **24**. Нартыху щхьэкІэм къыдидзэ гъэгъа. **25**. ЩІым гъуэ куу щІызыщІ, хьэпІацІэхэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ щІыкІу. **27**. Адыгэш къабзэ. **28**. Іэщ ... бгъашхэмэ, уи Іупэр дагъэ къыщІынщ, цІыху ... бгъашхэмэ, уи Іупэм къеуэжынщ. **29**. ... пыІэ. **33**. ЛІы и къуэгъуэ ... и гъуррэ. **34**. Пасэрей адыгэ хъыбарегъащІэ. **36**. Шым и кІуэкІэ. **37**. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ... зэхэдзэ. **39**. Ди къуажэ зы фыз ... дэсщи, узыфэ псори игъэхъужу жеІэ. **40**. Литературэ тхыгъэ мыин. **41**. Андемыркъан Къэбэрдей пщышхуэм мыпхуэдэу ещанэ уэ хъыбархэм хэтщ: «Бесльэней ПщІапІэу ..., си шэм и кІуэкІэр уигу ирихьа?» **42**. Теунэ Хьэчим цІэрыІуэ зыщІа повесть.

Къехьу: 1. Хугу хьэжьыгъэм, тхъум, фошыгъум къыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **2**. ЩІымахуэ щыта, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІы-хьужь ... Ахьмэд. **30**. Ди унафэщІм и ... къызегъэз. **31**. МафІэ здэщыІэм ари щыІэщ. **32**. Къулейсыз дыдэ. **35**.Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и лэжьакІуэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артист - къызэралъхьэрэ мы гъэм илъэс 85-рэ ирокъу. **38**. Адыгэ джэгуакІуэ цІэрыІуэ Агънокъуэ ... **39**. ЦІыху сабыр, зэпІэзэрыт, щэныфІэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



● Жыіэгъуэхэр

Ирамыху хэкум икІыркъым

♦Хамэш ушэсу ущІэмыпхъуэ, унэсынкъым хасэм и чэзум.
♦Гуэныр нэщІми, хьэщІэм хуаІуатэркъым.
♦ЗэгъэзэхуэкІэ зыщІэр лъэІуакІуэу дэткъым.
♦Уэзгурыіуэмэ, псори уиІэ пэлъытэщ.
♦Къаугъэ лъыхъуэм щхьэусыгъуэ и куэдщ.
♦ЦІыхум дыгъжьыфэ къытезыгъауэр нэпсеягъэрщ.
♦Къэзыдыгъуам унауэ къыщохьу, зыфІадыгъуам унэхъуауэ жеІэ.
♦Хабзэмыщ1э хъущІэрейщ.
♦Ирамыху хэкум икІыркъым.
♦Хамэщ1ыр щ1ыІэщ, темылъми уэс.
♦ЛІыгъэ зиІэр зэгуроІуэ, ар зимыІэр зопщэфыІэ.
♦Жэрдэм зыщІ Іуэхунщэхъым икІи хъерынщэхъым.
♦Хамэ ахъшэр бжьыгуафІэщ, уриуэркъыныи тынщщ.
♦Ныс» мыгъасэм уэрэд хуаус.
♦Дыгъум и лъагъуэр лъэхъуэщым щеух.
♦Дамэ зытетри хуэныкъуэщ лъакъуэ, теувэнущи лъэуейм.
♦Уи Іэгум илъ псори умыгъэлъагъуэ, уи гум илъ псори умыІуатэ.
♦Зэманым и уасэр зымыщІэм гъащІэр жейуэ егъакІуэ.
♦Ефакіуэ гуп нэхърэ - уэршэрэгъу закъуэ.

АФЭЩІАГЪУЭ
Іэнас.

● ГушыІэхэр

Зыдыгъуари игъэтыншынкъым

Мэкъуауэгъуэ мазэр къэблагъэрт. Къармэхьэблэхэми етауэ мэкъу зэреуэнум зыхуагъэхьэзырырт.

«Ялыхь, Къармэхьэблэ мэкъуауэ мазэу сыщумыгъаІэІ!» - жиІакъэ адыгэм. ЦІыкІуи ими мэкъауэущ. Апхуэдэ махуэ гуэрым хэплъэу тепІысхьэпІым тес Мусэ пощтэехьэ къыуохьар къеупщІащ:

- Мыр сыт, Мусэ, хуабжьу ухэплъэрэ?

- Зэпытыр къыхуэмыкІуэ, си шэмэджыр сфІадыгъуащ.

- Умыгузавэ, Мусэ. Уэлэхъэ, ар зыдыгъуари имыгъэтынышын а шэмэджым, - жиІэщ, газет къихьар къритири ІуигъэзыкІыжащ пощтэехьэм.

Зыри къэмыкІмэ-щэ?

Жьэ мыгъуэ нэхъ Іей сыт щыІэ? Зыри! Мел апхуэдэт. ИгъащІэм абы и жьэ фІы къыжьэдэкІауэ зэхэзыха щыІэтэкъым. Къуажэ пом Іуэху гуэр ящІэнымэ е гъэзэгу техьэнымэ, Мел зыщагъэпщкІурт, ар къахуэзэмэ, я Іуэху къаззэремыхьулІэнур ящІэрти. Жылэм хужьщ жаІэмэ, езым фІыцІэщ жиІэнут. Гъавэ щытрасэкІэ, Мел увынти губгъуэр зэпиплъыхьынт. «Уэлэхъ», мы гъэми щІагъуэ къэмыкІыну!» - жиІэнти, а зэрыжиІа дыдэм хуэдэу гъавэр къайхъулІэрэкъым. Мел жьэ мыгъуэ ишхыдыкІащ», - жаІэурэ бжьыхьэм гъавэ мащІэр кърахьэлІэжьырт.

Апхуэдэу, гъатхэпэ мазэу, гуэдз трасэну зыщагъэхьэзырым, къуажэм и унафэщІыр Мел и деж къакІуэри къельэІуащ:

- Мел, гуэдз тесэнырэ щІыдздэнущ! Губгъуэм унимыхьэ къудей! Къыттетх гъавэм щыщ уэтыну укъызогъэгугъэ!

- Къытемыкімэ-щэ?! - жиІащ Мел.

«Зэпытрыкіуэр къыпхуІуэ!» жьхуиІэ щІыкІэу, унафэщІыр Мел хуеплъэкІри, пщІантІэм къыдэкІыжащ.

ДУМЭН Мурадин.

● Къэкіыгъэхэм я дуней

Къэбыстэ

Къэбыстэр япэ дыдэу къежьа хадзэкІэхэм ящыщ щыщ. ЦІыхум ар ерыскъыпхъэу къыгъэсэбэпу щытащ ди эрэм и пэкІэ илъэс минитху, миниплъкІэ уэзІэбэкІыжмэ. Къэбыстэм и хэкур ЩІыкурытых тенджвым и Іуфэм Іус къэралхэрщ.

Абы теухуа тхыгъэхэр къыщагъэуэтыжащ пасэрей Мысырым, папирусым тету. Ди эрэм ипкІэ илъэсищэ зыкъомкІэ псэуа, алыдж дохутыршхуэ Гиппократ къэбыстэм и гугъу ещІ, хадзэкІ ГъуэзэдджэкъибжУ. Еджагъэшхуэ Аристотель и лэжьыгъэхэми ущрохьэлІэ а къэкІыгъэм теухуа тхыгъэхэм.

Пасэрей Урымым щыпсэуахэм къэбыстэр яцІыку къудей мыхъуу, я щхьныгъуэ хьэлэмэтуи щытащ. Шэджагъуашхэ ящІа иужькІэ, ар гуІэфІтещІэжу Іэнэм къытралъхьэрт. Ди эрэм и ятпэ лІэщІыгъуэм урымхэм къэбыстэ лІэужьыгъуэ зыбжанэ хасэрэ кърахьлІэжу яІэу щытащ. Абы щыхьэт тохъуэ еджагъэшхуэ икІи тхакІуэ щІэрыІуэ Плиний Нэхъыжьым и Іэдакъэщ1экІыу ди деж къэсахэр. Урым тхыдэтк Катон зэрыжиІэмкІэ, римлянхэм къэбыстэр щхьныгъуэу къагъэсэбэп къудейтэкъым, атІэ узыфэ зэмылІэужьыгъуэхэми ирелэзэрт.

КъухьэпІэ Европэм щыпсэуэхэм къэбыстэр къызэрацІыхури ерыскъыпхъэу къагъэсэбэпу зэрыхуежьэри куэд щІакъым - зы илъэс минкІэ уэзІэбэкІыжмэщ. Ди къэралым ар къыщысар зыкъомкІэ нэхъ иужьыжщ, епщыкІуэанэ, епщыкІутІанэ ІІэщІыгъуэхэрщ. Ябпэщ1ыкІэ ар Киевскэ Русым щащІэу щІадзащ, нэхъри гуваущ Москва и Іэгъуэблагъэхэм къащыльэІэсар. Илъэс щ1ипл1кІэ уэзІэбэкІыжмэ, къэбыстэр дэнэкІи щызэлъащІысащ. Иджы ар щамышІэ, зыубгъуауэ ерыскъыпхъэу къащымагъэсэбэп зы къэрали щыІэу къащІэкІынкъым.

Къэбыстэр алыдж псалъэщ, «капут» жиІэмэ щхьэщ къикІыр. Апхуэдэу щыпфащар ар щхьэм ещхьу зэрыхъурейрщ.

А хадзэкІ теПыеджэр лІэужьыгъуэ куэд дыдэ мэхъу. Европэм и закъуэ щащІэр лІэужьыгъуищэм нос. Ахэр я Іэфлагъкіи зэхуэдэкъым, витамину хэлъри зэхуэдизкъым.

ИкъукІэ ГъэщІэгъуэнщ брюссельскэ лІэужьыгъуэр. Ар сантиметр пщІейм нэсу докІей икІи мыІэрысэм хуэдиз хъууэ тІощ1ым щІигъу къыпокІэ. А псомри зэхэту я хьэпІагъуэ грамм щитІым щыщыщІэдзауэ грамм щиблым нос. А лІэужьыгъуэр КъухьэпІэ Европэм, псом хуэмыдэу, Инджылызым куэду щащІэ. Ар ятпэ дыдэу къыщагъэкІар Бельгиеращ, араш «брюссельскэ» жиІэу щыпфащари. ЗэрыІэфІым, витамин зэмылІэужьыгъуэ куэдкІэ зэрыкъулейм и мызакъуэу, ар икІи зэгъащ.

Ижь-ижьыж лъандэрэ къэбыстэр хущхьуэ папщІэуи къагъэсэбэп. Абы ирагъэхъуж жьэжьейр, чэр, дзэмыхэм, мафІэм исам, уІэгъэм тралъхьэ.

БОРЕЙ Рауф.

● Едзыгъуэхэр

Къэрабгъэ

Къыпхуэзамэ, и дзэлыфэр пхуеІ, - «Гухэлъ іэфІкІэ ар къопсалъэ».
Уи щІыбагъкІэ мащэ щеІ, -
ИгукІэ джатэр пхуегъэдалъэ.

ГущІэгъуншэ

И нэм щІэхуэмэ нэбжьыщ,
Ар къыпоплъэ уи гущІэгъу,
Къыфіэіуэхукъым езым зыщ,
Ууейм щІэлъу щытми бжэгу.

Хьэгъапхъэ

ТкІуэпс уэшхыу къыштеткІуамэ,
Псыдзэ къыщІэуауэ къыщохьыж.
Уафэр хъуэпскІыу илъэгъуамэ,
Дунейр мафІэм хисхьэу
тхьэ щеІуэж.

***

Солъагъу, хъыджэбз,
уэ утхьэІухудщ.
Ауэ пхуэощІ зы дагъуэ:
Ухьэлыншэщи, абы уегъэпуд.
Кхъыіэ, умыщІ уи жагъуэ.

***

Зы цІыхум фІэІеижщ адрейр,
Адрейм къыщохьу
нэхъ Іеиж модрейр.
Апхуэдэщ зэрыпхъыр дунейр,
Хэти нэхъ фІэфІщ лъагэху
и лъэуейр.

***

Иджыпсту уэ уи
хьэмтетыгъуэщи,
Уэгуми щІыгуми уихуэжыркъым.
Апхуэдизкіэ дунейр уи
щІэщыгъуэщи,
Хьэмтет узыщІахэр
пщІэжыркъым.

***

ЦІыхум иІэщ, си къуэш,
зы тхъэгъуэ,
Ар гъащІэм и курых щІалэгъуэрщ.
Ди насыпти а ныбжьым
дапщэщи дитам,
Илъэсищэ къудей нэхъ
мыхъуми дыпсэуам!

Редактор нэхъыщхьэм и ятпэ къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:

Хьэфіціэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаеэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щ1ирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьанщокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэнэдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуэщ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; здэщыкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэтчэхым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхутыныгъэр хъумэнымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ептыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетграфр» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1оджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1оджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатім щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.966 ●Заказ №679

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖЬэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щ1оджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щ1оджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанинэ.**